Адыгэ кхъужьым и махуэ
2-нэ нап.

ЩIэныгъэ куурэ гупсысэ шэщIарэ
3-нэ нап.

Щхьэж и хъэтI яIэжу
4-нэ нап.

Зэныбжьэгъугъэмрэ гъуэгуанэ хьэлъэмрэ
4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№112 (24.862) ● 2025 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Нэхъ тыншу икIи шынагъуэншэу

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и щIыналъэхэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ щэбэт кIуам. Абы япэщIыкIэ зригъэлъэгъуащ километритI зи кIыхьагъ, Александровскэ - Уэзрэдж гъуэгу иджыблагъэ зэрагъэпэщыжар.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР ирагъэкIуэкIащ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ. А гъуэгур хуокIуэ социальнэ ухуэныгъэхэм. Абыхэм ящыщ зыщ Александровскэ станицэм и школыр. ФокIадэм и 1-м къыщыщIэдзауэ абы и еджакIуэ 200-р йокIуалIэ унэщIэм. Ар яухуащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хыхьэу.

Республикэм и Iэтащхьэм Тэрч къалэм и еджапIэщIэми зыщиплъыхьащ. Абыи и бжэхэр гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу къызэIуахащ. Ар еджакIуэ 800-м ятещIыхьащ, ныбжьыщIэхэр псори пщэдджыжьыкIуэщ. Къатищу зэтет, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 14-м щIигъу хъу унэщIэм иIэщ ерыскъы щагъэхьэзыр къудами, цIыху 450-р зэуэ зыщIэхуэн шхапIи, библиотеки, зытIэщIыпIэ-зыхуэпапIэ, зыгъэпскIыпIэ зыхэт спортзалхэр, зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкIыну, цIыху 200 зыщIэхуэну пэшышхуэ.

КIуэкIуэ Казбек щыIащ Дей къуажэм и амбулаторэщIэми. Ар махуэ зыбжанэ ипэкIэ къызэIуахауэ аращ. ЦIыхухэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъу щыта IуэхущIапIэр жыы дыдэ хъуат, къэбгъэсэбэпынуи дзыхьщIыгъуэджэти, мы унэщIэр яухуащ. ЩIэр метр зэбгъузэнатIэ 360-рэ мэхъу, абы дохутырхэр щылэжьэну пэш хуитышхуэхэр хэтщ. Амбулаторэр яухуащ «Жыджэру илъэс куэдкIэ псэун» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ. Ар зы махуэм цIыху 50-м щакIэлъыплъыным хуэщIащ.

ЩIыналъэм и унафэщIым Дей къуажэм ЩауэцIыкIум и цIэр зэрихьэу иIэ уэрамми зыщиплъыхьащ. А гъуэгур жылэм щыпсэухэм я лъэIукIэ зэрагъэпэщыжащ. Абы и щхьэфэр зэрахъуэкIащ, лъэс зекIуапIэщIэхэр хуащIащ, гъуэгум и кIыхьагъкIэ уэздыгъэ пкъохэр щагъэуващ.

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ Казбек нэгъуэщI гъуэгу ухуэныгъэхэми зыщигъэгъуэзащ. Къапщтэмэ, Дей - Курп Ищхъэрэ - Осетие Ищхъэрэ-Аланием и гъунапкъэ, километри 5,8-рэ зи кIыхьагъым щыIащ. Абы ехьэлIа лэжьыгъэхэр фокIадэм и пэщIэдзэм зэфIэкIащ. Ар Урысейм и гъуэгу нэхъыщхьэхэм хохьэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ зэпещIэ. Апхуэдэуи зэрагъэпэщыжащ Курп Ипщэ, Курп Ищхъэрэ къуажэхэм екIуалIэ гъуэгури. Абы километри 4,9-рэ и кIыхьагъщ. Зэрагъэпэщыжам хеубыдэ Курп Ищхъэрэ къуажэм и уэрамитI - Мирэ, Тэрч жыхуиIэхэр.

Апхуэдэу и кIэм ноблагъэ Тэрч псым телъ лъэмыжу Май - Джулат автомобиль гъуэгум хиубыдэр зэгъэпэщыжынри. Абы и кIыхьагъщ метри 162-рэ. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэфIагъэкIащ, иджы гъуэгу щхьэфэр тралъхьэж. Лъэмыжым Май, Тэрч щIыналъэхэр зэпещIэ икIи ди гъунэгъу республикэми урикIуэ мэхъу.

И кIэм нэсащ Налшык - Май щIыналъэ гъуэгур къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэри. Ари хохьэ Урысейм и гъуэгу нэхъыщхьэхэм. Iыхьэ-Iыхьэурэ ар зэгъэпэщыжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэм щIадзауэ щытащ 2019 гъэм. Иджыпсту яужь итщ а гъуэгум щыщу къэна иужьрей Iыхьэм, километри 3,6-рэ хъум, ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэфIэгъэкIыным. Абы къыдэкIуэу зэрагъэпэщыжащ Шэрэдж псым телъ лъэмыжри трассэ нэхъыщхьэм щхьэщыкI гъуэгури.

Аруан щIыналъэм «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым хыхьэу зыхуей хуагъэзэжащ километри 6,3-рэ хъу, Мэрзэхъу - Шытхьэлэ гъуэгури. Абы зэпещIэ Шытхьэлэ и Школьнэ уэрамымрэ Мэрзэхъу и Комсомольскэмрэ. Абы нэмыщI Шытхьэлэ узэрыдыхьэ гъуэгури зэрагъэпэщыжащ, Налшык - Нарткъалэ трассэм къыщыщIэдзауэ.

Шэджэм щIыналъэм щекIуэкI гъуэгу лъэжьыгъэхэри къиипщытащ Iэтащхьэм. Апхуэдэу Нартан ПащIэм и цIэр зезыхьэ и уэрамым лэжьыгъэхэр щызэфIэкIащ. Псори зэхэту абы и кIыхьагъыр километри 5,6-рэ мэхъу.

Гъуэгухэр къызэрагъэщIэрэщIэжам и фIыгъэкIэ цIыхухэм Iэмал яIэщ нэхъ тыншу икIи шынагъуэншэу зекIуэнымкIэ, апхуэдэуи жылэхэр транспорткIэ зэрызэпыщIари ирегъэфIакIуэ.

Я гуращэхэр зрагъэхъулIэ

«ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр» урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтахэмрэ ар къызэзыгъэпэщахэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ.

- СИГУКIИ си псэкIи фIыщIэ яхузощI «ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр» урысейпсо зэхьэзэхуэм хэта псоми: Ипщэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ регионхэм къикIахэми, КИФЩI-м хиубыдэ ди гъунэгъухэм я лIыкIуэхэми, Курск областым, Урысейм и лъэныкъуэ псоми къабгъэдэкIыу къытхуеблэгъахэм. Илъэс къэс Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI ди Хэкушхуэм и щIалэгъуалэр быдэу зэкъуэзыгъэувэ Iуэхугъуэхэр. Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ илъэс етIуанэ хъуауэ Урысейпсо зэхьэзэхуэм и кIэух зэпеуэм ипэ къихуэр ди республикэм зэрыщекIуэкIым.

Ди Президент Путин Владимир къызэрыхилъхьам тету, щIалэгъуалэр хъумэным хуэунэтIа лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI нобэ ди къэралым. Къыдалъхуа зэфIэкIхэм зрагъэузэщIыну, цIыхухэм яхуэщхьэпэну, цIыхубэм яфI зыхэлъ Iуэхухэр зэфIагъэкIыну хущIэкъу ди щIалэгъуалэ телъыджэрщ къэралым и къэкIуэнур зэлъытар.

«ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр» зэхьэзэхуэм хэтыху, ныбжьыщIэхэм акъылэгъу, ныбжьэгъущIэ къагъуэтащ, дяпэкIэ зызрапщытыну Iуэхухэр зэгъусэу зэфIахыфын, щIэ гуэрхэр къагупсысын, я гуращэхэр зрагъэхъулIэн хуэдэу. А псом къегъэлъагъуэ ди къэралым зыщыгугъын зэриIэр.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъуа, Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым хиубыда мы зэхьэзэхуэм и еханэ Iыхьэм «НыбжькIэ зэIэпах фэеплъхэр» темэмкIэ зэпеуэ зэрыхэтари щхьэпэщ.

Ди къэралым и унафэщIхэм, УФ-м ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм, ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэм, ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ къэрал агентствэм, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» цIыхубэ-къэрал зэгухьэныгъэм гурэ псэкIэ фIыщIэ яхузощI мы зэхьэзэхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щедгъэкIуэкIыну Iэмал къызэрыдатам папщIэ.

Си ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Шэч къытесхьэркъым «ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр» зэхьэзэхуэм фызыхуигъэсахэр къыкIэлъыкIуэну гъащIэм къызэрыщыфхуэсэбэпынум. Зыхуэвгъэувыжа къалэнхэр вгъэзэщIэну, фызыщIэхъуэпсым фытеIэбэну, фи гур зыхуэпабгъэ псори зэвгъэхъулIэну сынывохъуэхъу!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуIу гупым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 27-м къыдигъэкIа Указ №15-УГ-мкIэ къащтам, хэтхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуIу гупым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуIу гупым хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 27-м къыдигъэкIа Указ №15-УГ-мкIэ ягъэувам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн, абы Урысей Федерацэм СледствэмкIэ и комитетым следствэмкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI Фишман А. А. хэгъэхьауэ (зэгурыIуауэ) икIи Потапов А. Е. абы къыхэгъэкIыжауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм фокIадэм и 15-м
№100-УГ

Зэкъуэтыныгъэм, мамырыгъэм, спорт зэкъуэшыгъэм я дамыгъэ

«Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» лъакъуэрыгъажэмкIэ зэхьэзэхуэм хэтахэм захуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

«МЫ МАХУЭХЭМ Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI зэпеуэ куэду зэхэт, «Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» фIэщыгъэр зезыхьэ, лъакъуэрыгъажэмкIэ 33-нэ зэхьэзэхуэр. Мыхьэнэ ин зиIэ мыпхуэдэ спорт къэхъукъащIэшхуэм хэтыныр ди республикэм дежкIэ хабзэфI хъуащ.

«Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» лъакъуэ-рыгъажэмкIэ зэхьэзэхуэм лъакъуэрыгъажэ спортым зригъэужь къудей мыхъуу, атIэ - зэкъуэтыныгъэм, мамырыгъэм, спорт зэкъуэшыгъэм и дамыгъэщ.

Мы гъэм, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 щрикъум, а псалъэхэм я мыхьэнэр нэхъ иныж мэхъу.

ПщIэ зыхуэсщI спортсменхэ! Фи Iэзагъыр, бэшэчагъыр, текIуэныгъэм фызэрыхущIэкъур ди щIалэгъуалэм щапхъэ яхуохъу, IуэхугъуэщIэхэм ахэр трегъэгушхуэ икIи цIыхубэр гъащIэ узыншэм и телъхьэ ещI.

Шэч къытесхьэркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгылъэхэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэхэр гъэщIэгъуэну, удэзыхьэхыу, гукъинэжу фи дежкIэ зэрыщытынум.

Зэхьэзэхуэм хэтхэм псоми сохъуэхъу, ехъулIэныгъэхэр яIэну, я спорт гукъыдэжым нэхъри хэхъуэну, щхьэж и рекордыщIэ игъэувыжыну, я плъапIэхэми нэсыну», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Мы махуэхэм ди республикэм щекIуэкIащ «ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр» урысейпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэхэм ящыщ зы. Курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэм я студентхэм папщIэ къызэрагъэпэща а зэхыхьэшхуэм кърихьэлIащ Урысей Федерацэм и щIыналъэ 15-м щылажьэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэ щIалэгъуалэу 500-м нэс. Къэралпсо мыхьэнэ зиIэ а проектыр къыхилъхьауэ щытащ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм. Iуэхур деIыгъ ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, ЩIэныгъэмкIэ и министерствэхэм. 2025 гъэ лъандэрэ зэпеуэм и лъабжьэщ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектыр.

Хьэлэмэту, купщIафIэу, гухэхъуэу

● Зэхыхьэхэр

ЗЭПЕУЭ купщIафIэр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту Налшык къыщызэIуахащ фокIадэм и 12-м. Iуэхум хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшрокъуэ Залым, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, ЩIэныгъэмкIэ, физкультурэмкIэ, спортымкIэ, ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Родинэ Викторие, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Мысост Екатеринэ, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн, «ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр» урысейпсо зэпеуэр гъэзэщIэнымкIэ департаментым и унафэщIым и къуэдзэ Дедовэ Татьянэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

- Хуабжьу ди гуапэщ икIи дрогушхуэ «ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр» зэпеуэм и финал ныкъуэ зэхыхьэр мы гъэм етIуанэрейуэ ди республикэм зэрыщекIуэкIым. Iуэхур къызыхуэтыншэу, купщIафIэу, гъэщIэгъуэну, гухэхъуэу зэфIэха хъун папщIэ дэ тлъэкI къэдгъэнэнукъым, - жиIащ Къуэшрокъуэм, къызэхуэсахэм защыхуигъазэм. - Зи щIалэгъуэхэ, фи нэхэм къащIих нурыр солъагъури, си фIэщ мэхъу псоми ди мурадыфIхэр къызэрыдэхъулIэнур. Фи къалэнхэр ехъулIэныгъэкIэ зэфIэфхыну!

Къуэшрокъуэр къеджащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зэпеуэм хэтхэм къахуигъэхьа хъуэхъум.

АдэкIэ псэлъапIэр хуит зыхуащIа Лу Азэмэт жиIащ нобэрей Iуэхур зэпеуэ къудей мыхъуу, мыхьэнэшхуэ зиIэ социальнэ къэхъукъащIэ ину зэрыщытыр.

- Студентрэ школакIуэу мелуанхэм зэпеуэм и утыкушхуэхэм щIэныгъэщIэхэр щызрагъэгъуэт, я гупсысэхэр щаIуатэ, я жэрдэмхэмрэ пэхуэщIэхэмрэ щыпхагъэкI, - къыхигъэщащ министрым. - ЛъагапIэщIэхэм фынэсыну, текIуэныгъэщIэхэр къэфхьыну, си ныбжьэгъухэ!

Зэпеуэм хэтхэм хъуэхъу гуапэ къахуигъэхьащ УФ-м и Президентым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ полномочнэ лIыкIуэ Чайкэ Юрий. «ХьэщIэр зи щIасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхуэса ныбжьыщIэхэм си гуапэу сынывохъуэхъу иджырей зэхыхьэр фи мурадхэр гъэзэщIэнымкIэ лъэбакъуэщIэ фхуэхъуну, зыужьыныгъэм, ехъулIэныгъэм фыхуишэну. Си фIэщ мэхъу мы проектым фыщалъхуа щIыналъэхэм, ди къэралышхуэм нэхъри заужьынымкIэ, фIы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэхэр щекIуэкIынымкIэ шэсыпIэ зэрыхъунур», - къэрал къулыкъущIэ лъагэм щетх и хъуэхъум.

Зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIамкIэ, мыгъэрей зэпеуэм унэтIыныгъэ 12 къызэщIеубыдэ, щIэныгъэмрэ технологие пэрытхэмрэ я деж къыщыщIэдзауэ гъуазджэмрэ творчествэмрэ деж щиухыжу. Школ олимпиадэхэм къащхьэщыкIыу, «ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр» зэпеуэм щIалэгъуалэм щызыIэрагъэхьэ щIэныгъэщIэхэр гъащIэм адэкIи къащыхуэсэбэпынущ. Апхуэдэхэм ящыщщ гупу зэдэлэжьэфыным, щытыкIэ гугъум, къызэрымыкIуэм укъызрикIыфыну Iэмалхэм, творческэ гупсысэм зиужьыным, къызэгъэпэщакIуэ зэфIэкIхэм зыхуебгъэсэным ехьэлIа чэнджэщхэмрэ щIэныгъэщIэхэмрэ.

Махуищым къриубыдэу колледжхэм, техникумхэм, лицейхэм я сту-дентхэм IэмалыфIхэр яIащ егъэджэныгъэ программэ купщIафIэхэм хэтыну, семинар хьэлэмэтхэм щIэсыну, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я утыкухэм зыкъыщагъэлъэгъуэну. Апхуэдэу щIалэгъуалэм щыгъуазэ зыхуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэм, щэнхабзэхэм, шхыныгъуэхэм. «ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр» зэпеуэм хэтхэм папщIэ къызэрагъэпэщащ щэнхабзэ, нэгузегъэужь Iуэхухэр. Ахэр щыIащ Гуэл ЩхъуантIэхэм, ХьэтIохъущокъуэм и хадэм, ди республикэм и нэгъуэщI щIыпIэ дахэхэм.

Зэпеуэр щызэхуащIыж пшыхьыр фокIадэм и 14-м къыщызэрагъэпэщащ Налшык дэт «ЩIалэгъуалэм я унэм». Абы щагъэлъэпIащ «ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр» къэралпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм кIуэну зыхуагъэфэща ныбжьыщIэхэр. Ар щэкIуэгъуэ мазэм къриубыдэу «Артек» дунейпсо сабий центрым щекIуэкIынущ. Псори зэгъусэу абы ирихьэлIэнущ цIыху 1500-м нэс.

Ди республикэм махуэ зыбжанэкIэ щыхьэщIа щIалэгъуалэм, абыхэм я пашэхэм фIыщIэ ин хуащIащ щIыналъэм и унафэщIхэм, Iуэхур къызэзыгъэпэща IэнатIэхэм я лIыкIуэхэм, лэжьыгъэ купщIафIэ кърахьэлIарэ я нэгуи зиужьауэ зэманыр зэрагъэкIуам папщIэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэкI

Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу къыщрахьэлIэжам и куэдагъым проценти 8-м нэблагъэкIэ хэхъуащ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ.

ЖЫПIЭНУРАМЭ, республикэм и жыг хадэгъэкIхэм псоми зэгъусэу зэщIакъуэжащ тонн мин 233,5-м нэблагъэ, абыхэм я нэхъыбэр мыIэрысэу. Иджыпсту хадэхэм къыщыпачыжыр бжьыхьэ мыIэрысэмрэ пIалъэ кIыхькIэ щыбгъэлъ хъунухэмрэщ. Язынык(ъ)уэхэр сату щIыпIэхэм занщIэу ирагъашэ, адрейхэр хъумапIэхэм щагъэтIылъ.

Къыхэдгъэщынщи, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу къэралым къыщрахьэлIэжым и куэдагъкIэ, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр щыпэрытщ: абыхэм я Iыхьэ щанэр ди республикэм къыщагъэкI.

Мыдрейуэ, ди щIыналъэм и жыг хадэгъэкIхэр щогугъ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу тонн мин 700 нэхърэ мынэхъ мащIэ мы гъэм кърахьэлIэжыну. Нэгъабэ яхузэфIэкIам нэхърэ процент 12-кIэ нэхъыбэнущ ар.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Ди къуэш республикэхэм

Илъэс 878-рэ ирокъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид Мэзкуу къалэм и унафэщI Собянин Сергейрэ щыхьэрым щыпсэухэмрэ ехъуэхъуащ Урысейм и щыхьэрыр илъэс 878-рэ зэрырикъуамкIэ.***

«ДЭ ТЩЫЩ дэтхэнэми езым и Мэзкуу иIэжщ. Зым дежкIэ ар тхыдэм и центрщ, къэралыгъуэм и быдапIэщ. Абы епхар мащIэкъым. ЩыIэщ а къалэм щIэхъуэпсхэр, и студентыгъэм теухуа гукъэкIыжхэр. Ауэ псоми я дежкIэ ар ди Урысейм и зэкъуэтыныгъэм, къарумрэ зыужьыныгъэмрэ я дамыгъэщ.

Хэхауэ псалъэ гуапэхэр къелэжь Мэзкуу и унафэщI Собянин Сергей. Абы и нэIэм щIэту щыхьэрым иджырей теплъэщIэ игъуэтащ, и инагъымрэ и тхыдэмрэ хъумауэ.

Мэзкуудэсхэм, ди къэралышхуэм щыпсэу дэтхэнэми гуапагъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ яIэну си гуапэщ. Уи махуэшхуэмкIэ, Мэзкуу!» - дыкъыщоджэ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезовым МАХ мессенджерым щиIэ и каналым.

Зэдэлэжьэну зэгурыIуащ

АБХЪАЗ. ***Урысеймрэ Абхъазымрэ щэнхабзэмкIэ я министрхэу Любимовэ Ольгэрэ Кове Дауррэ Iэ щIадзащ 2026 - 2028 гъэхэм зэрызэдэлэжьэнум теухуа тхылъым.***

АБЫ къызэщIеубыдэ сурэт щIынымрэ, гъуазджэмрэ, кинематографие, библиотекэ, музей Iуэхухэр, апхуэдэуи тхыдэ-щэнхабзэ щIэиным пыщIа ухуэныгъэхэр хъумэныр, - къыхигъэщащ Любимовэм.

ЗэгурыIуэныгъэм Iэ щыщIадзащ фокIадэм и 11 - 13-хэм Санкт-Петербург щэнхабзэм ехьэлIауэ щекIуэкIа XI форумым. Абы Кове Даур я пашэу щыIащ Абхъазым и лIыкIуэхэри.

Къыхэдгъэщынщи, Iэ зыщIадза программэм ипкъ иткIэ Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ и махуэхэр Урысей Федерацэм, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и махуэхэр Абхъазым щекIуэкIынущ. Апхуэдэуи лъэныкъуэхэр унэтIыныгъэ куэдым щызэдэлэжьэну зэгурыIуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Тхъуэст Къантемыр Жыраслъэн и къуэр Дзэлыкъуэ суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкІуж хеящІэм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щыІэ зэзыгъэкІуж хеящІэхэм я Іуэхукlэ» Федеральнэ закон №188-ФЗ-уэ 1998 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м къыдэкlам и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «х» пунктым япкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1 Тхъуэст Къантемыр Жыраслъэн и къуэр Дзэлыкъуэ суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкІуж хеящІэм и къулыкъум гъэувын, и къалэнхэр щигъэзэщІэну пІалъэм мардэ имыІэу.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ
Налшык къалэ
2025 гъэм фокІадэм и 11-м
№177-П-П

Шунгаров Шамиль Борис и къуэр Май суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкІуж хеящІэм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щыІэ зэзыгъэкІуж хеящІэхэм я Іуэхукlэ» Федеральнэ закон №188-ФЗ-уэ 1998 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м къыдэкlам и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «х» пунктым япкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. **Шунгаров Шамиль Борис и къуэр** Май суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкІуж хеящІэм и къулыкъум гъэувын, и къалэнхэр щигъэзэщІэну пІалъэм мардэ имыІэу.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ
Налшык къалэ
2025 гъэм фокІадэм и 11-м
№178-П-П

● ТекІуэныгъэ-80

Нэмысымрэ цІыхугъэмрэ я гъащІэм хэпщат

Я пщІэрэ щІыхькІэ бэм я гум ІэфІу къинэжа цІыху телъыджэ куэдхэр Сэрмакъ къуажэм къыдэкІащ. Апхуэдэхэм ящыщщ зэщхьэгъусэхэу Даурхэ Мухьэмэдрэ СэІибэтрэ.

АБЫХЭМ я щІалэгъуэ дахэр къэралым зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр щекІуэкІ 30 гъэхэм хиубыдат. Сэрмакъ щыщ къызэрыгуэкІ мэкъумэшыщІэ унагъуэхэм къыщалъхуа, щапІа ныбжьыщІитІыр колхоз лэжьыгъэм щыпэрытт, хозяйствэм и ехъулІэныгъэхэм я гуащІэ хьэлэл зэрыхэлъым иригушхуэу, гъащІэщІэ яухуэрт. Апхуэдэурэ зогуакІуэри, 1936 гъэм псэгъу зэхуохъу Мухьэмэдрэ СэІибэтрэ, хъыджэбз цІыкІуитІи зэдагъуэт.

Колхозым зиужьырт, къуажэдэсхэм заузэщІырт, я щІалэ, хъыджэбз жанхэм союзпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм саугъэт лъапІэхэмрэ дипломхэмрэ къыщхуагъэфащэрт. Ауэ насыпыфІэу зызылъытэж зэщхьэгъусэхэм дэнэ щащІэнт къэралымрэ цІыхубэмрэ гузэвэгъуэшхуэ къазэрыпэплъэр, а псори ягъэвыну къазэрыпэщылъыр!

Даур Мухьэмэд Іэбубэчыр и къуэр фин зауэм щашам илъэс щэщІ хъурт. Фашист зэрыпхъуакІуэхэр ди къэралым къыщытеуам а мафІэ лыгъэм пхыкІа зауэлІым адэкІи и къулыкъум пищащ. Хэкур хъумэжын хуейти, совет зауэлІ мелуанхэм хуэдэу, щхьэмыгъазэу бийм пэщІэтащ Мухьэмэд, куэд и фэм дэкІащ. 1941 гъэм и бжьыхьэм фашистхэм Ленинград къалэр къыщатІысыхьар, зауэм я нэхъ гуащІэ дыдэхэм ящыщт. Мухьэмэд зыхэт фочауэ гупыр а щІыпІэм ягъэІэпхъуауэ, епІэщІэкІыу къэкІуатэ зэрыпхъуакІуэхэр зэтраІыгъэрт.

Зэкъым икІи тІэукъым ажалым и нэгум зэриплъар ди зауэлІхэр. Дэтхэнэ махуэри сыхьэтри абыхэм я дежкІэ псэзэпылъхьэпІэт. Ди щІыгур зыІэрызыгъэхьэну къизэрыхьа хьэкІэкхъуэкІэхэм пІалъэ кІэщІым къриубыдэу къалэр яубыдыну траухуати, къаруущІэхэр кърашалІэрт. ЦІыху бжыгъэкІи, Іэщэ-фащэкІи, дзэ техникэкІи ди зауэлІхэм къазэрефІэкІым тригъэгушхуауэ, лъэныкъуэ псомкІи ерыщу къыщебгъэрыкІуэхэрт. Бийм и кхъухьлъатэхэр, хьийм икІауэ, гупышхуэу къащхьэщыхьэрти, щІылъэр бомбэкІэ иравыкІырт. Къалэр Іугъуэмрэ гъуэзымрэ зэщІащтат, уІэгъэхэмрэ укІыгъэхэмрэ щыкуэдт. Фашист генералхэм Ленинград къалэр я Іэрылъхьэу къалъытэжырт.

Ауэ нэхъыщхьэр ящІэртэкъым абыхэм - ди совет цІыхубэм и зэкъуэтыныгъэмрэ гъэунэхуныгъэм деж къалъыкъуэкІ къару мыкІуэщІымрэ.

Даур Мухьэмэд уІэгъэ хьэлъэ щыхъуам, къелыну я гугъакъым. Ауэ, и насып къихьри, ажалым къыІэщІэкІащ. КъызэфІэувэжами, и къарум къызэримыхьыжынум къыхэкІыу, 1942 гъэм и бжьыхьэ мазэм дзэм къыхагъэкІыжащ. КъыщыкІуэжым кърата тхылъым мыпхуэдэу итт: «Уи псэм уемыблэжу фашистхэм уапэщІэтащ, бий ерум хахуэу уезэуащи, фІыщІэ пхудощІ, бгъэзэжа нэужьи, ТекІуэныгъэ къэгъэблэгъэным уи гуащІэ зэрыхэплъхьэнум шэч къытедмыхьэу гъуэгу махуэ бжыдоІэ, ди зауэлІ ныбжьэгъу!»

Даурри къазэрыщыгугъауэ къыщІэкІащ: и къарум къихьыху къэралым, зыщыщ къуажэм хьэлэлу хуэлэжьащ и цІэфІ жригъэІэу. Мухьэмэд цІыху зэпІэзэрытт, лэжьакІуэ емызэшыжт, хьэл-щэн дахэм бжьыфІэ щІэхъукІырт. Апхуэдэущ сэрмакъдэсхэм ягу къызэринэжар. Ар икІи гурыІуэгъуэщ: Зауэм щыщыІа илъэсхэм щыщыІа илъэсхэм фІэкІа къэмынэу, абы и гъащІэр щрихьэкІари щылэжьари къыщалъхуа жылэжьырщ.

ЦІыхугъэ ныбжьэгъугъэкІэ фІыт, хабзэмрэ нэмысымрэ тхІийуэ тетми, езыр гу щабэт, псэ къабзэт, фэрыщІагъым хуэхейт. Зауэм къызэрикІыжу, и уІэгъэхэм щхьэкІэ къимыгъанэу, колхозым хыхьэжащ, шыгухуу, учётчикыу, бригадиру, къэпщытакІуэу, хьэмым и тету лэжьащ, зигъэпсэхуну щытІысыжар и пенсэ ныбжьым илъэсих щІигъуауэщ. Абы и псалъафэу щытахэр ноби сэрмакъдэсхэм зэІэпах. «Мухьэмэд, сыт хуэдэ зэман лъандэрэ улажьэрэ?» жаІэу щеупщІкІэ, «сыкъызэралъхурэ», жиІэрти гушыІэ щІыкІэу зэфІигъэкІырт. Нэху мыщу дэкІырт, хэкІуэтауэ къыдыхьэжырт. «Уа, Мухьэмэд, лэжьыгъэ псори пхуздэхьынкъым, лейуэ гугъу зумыгъэхь», щыжраІэкІэ, «щыуэфІ махуэр щІымахуэ гъуэмылэщ», псалъэхэр япидзыжырт.

ЗэрытщІэщи, фэеплъыр цІыхупсэм и къуэпсхэм ящыщ зыуэ къыддокІуэкІ. Абы гъэхэмрэ лІэщІыгъуэхэмрэ зэпещІэ, жылагъуэхэм я зэхэтыкІэр, я щыІэкІэпсэукІэр, нэгъуэщІу жыпІэмэ цІыхум и нэгу щІэкІамрэ къикІуа гъуэгуанэмрэ гукъэкІыжхэмкІэ епсыхь. А пщалъэмкІэ убгъэдыхьэмэ, зауэм щызэрихьа лІыгъэмрэ мамыр лэжьыгъэмрэ къапэкІуэу орденитІрэ медалиблрэ зыхуагъэфэща Даур Мухьэмэд къызэринэкІа гъащІэ гъуэгуанэр и лъэпкъымрэ и щІэблэмрэ я дежкІэ бгъуфІэщ, и фэеплъыр зыгъэнэху лъапІэныгъэщ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

● ГуфІэгъуэ зэхыхьэхэр

Адыгэ кхъужьым и махуэ

Адыгэ Республикэм щежэх Щхьэгуащэ псышхуэм и тІуащІэр зыгъэдахэхэм ящыщщ Хьэджэхъу жьанэр. Абы адкІэжкІэ хуэижьырабгъу щІыкІэу узыщыІущІэ къуэ бгъунжым къыдэунэхукІ Рыфыбг псы цІыкІум и Іэхэлъахэращ щекІуэкІар «Шэрджэс (адыгэ) кхъужьым и махуэм» и мыгъэрей дауэдапщэхэри.

2012 ГЪЭМ къыщыщІэдзауэ а Іуэхугъуэхэм я къызэгъэпэщакІуэ нэхъыщхьэр «Руфа-Тур» акционер зэгухьэныгъэрщ. АбыкІэ а ІуэхущІапІэм и щІэгъэкъуэнщ «Адыгея» къэрал телерадиокомпаниер, республикэм къыщыдэкІ «Адыгэ макъ», «Советская Адыгея» газетхэр, щІыналъэм Туризмэмрэ курортхэмкІэ и комитетыр.

«Шэрджэс (адыгэ) кхъужьым и махуэ» зыфІаща дауэдапщэхэр къехьэжьэнымкІэ жэрдэмыр къызэзылъхьауэ щытар социологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат, «Санэ» акционер зэгухьэныгъэ зэхуэщІам и унафэщІу щыта, псапэ Іуэху куэд зылэжьа, пасэу дунейм ехыжа Быбэ Муратщ.

Ди къуэш хэгъэгум епщыкІуплІанэу къыщызэрагъэпэща а Іуэхугъуэ дахэм цІыхуи 100-м щІигъу хэтащ. Этнографхэм, хадэгъэкІхэм, Адыгейм щыпсэухэмрэ хьэщІэхэмрэ ящыщу, «кхъужьей жыгыжь хадэм» и Іэхэлъахэм а махуэм ихьэну хуит ящІар абы ехьэлІауэ нэхъ пасэу зезыгъэтхахэрт.

Рыфыбг псыкъелъэхэр зыдэт къуэбэкъу бгъунжым ищхьэрэ лъэныкъуэмкІэ декІуэкІ джабащхьэ задэм адкІэжкІэ узыщыІущІэ Азыш-тау шытхыу Щхьэгуащэ и ныджэ абрагъуэм къыщхьэщытым и щыгу сэтейм деж ди лъэпкъэгъухэм илъэс щитІ-щищ ипэкІэ щыхасауэ щыта кхъужьей Іэрысэху иджыри къыздэсым пхъэщхьэмыщхьэхэр къызыпыкІэр хьэщІэхэми бысымхэми гъэ къэс щІрагъэлъагъум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр адыгэхэм ижькІэрэ къыддекІуэкІа, ноби дызэрыгушхуэ щэнхабзэм, абы щыщу жыг хадэ зехьэкІэм пщІэ хуэщІын зэрыхуейм ди лъэпкъым щыщхэр егъэгупсысынымрэ къытщІэхъуэ щІэблэр а Іуэхум дегъэхьэхынымрэщ.

А псоми къадэкІуэу, гуфІэгъуэ щытыкІэм иту къызэрагъэпэщ мыпхуэдэ зэхуэсхэм нэгъуэщІ лъэпкъхэм къахэкІахэри къыщІырашалІэр Къухьэпlэ Кавказым и блэкІам и напэкІуэцІ нэхъ дахэхэм ахэри щыгъуазэ хуэщІын зэрыхуейр къызэралъытэрщ.

А гупсысэр и лъабжьэт Іуэхум хуэзэщІагъэуІуа къызэгъэпэщакІуэ гупым и унафэщІ Гъыш Заремэ къыджиІами:

- МахуэщІым и къалэн нэхъыщхьэр, мыбдежым къызэрыщыхагъэщаци, адыгэхэм ижькІэрэ къыддэгъуэгурыкІуэ щэнхабзэм, хабзэ дахэхэм сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкІахэри дедгъэхьэхыныршщ, щІэблэщІэр а псоми пщІэ хуищІу хуедгъэсэнырщ, тхыдэжьрэ хъыбарыжьу къэдгъэщІэрэщІэж «дунеяплъэ Іэмалхэм» туристхэр къетшэлІэнырщ.

КъыхэгъэщыпхъэщІ, зекІуэм хэтахэр къырылъэ лъагъуэ дэкІыгъуейм тезышахэми а къалэныр и кІыхьагъкІэ зэрыщагъэзэщІар. Арыншауи, Рыфыбг псыкъелъэхэр зыдэт къуэбэкъум и дыхьэпІэ дыдэм деж зыІузыуфэбгъуа гъуэфылъэм (удзыпцІэ сэтейм) зэкІэлъхьэужьрэ зэкІэлъыгъэкІуауэ щрагъэувэкІа дапхъэ зыкъизыххэмкІэ, сурэт телъыджэрэ тхыпхъэщІыпхъэхэмкІэ гъэщІэрэщІэжауэ, а псоми ядекІун тхыгъэхэри дыщІагъужауэ, къагъэлъэгъуащ адыгэхэм я тхыдэм, щэнхабзэм щыщу хьэщІэхэри бысымхэри нэхъ дэзыхьэхыну къалъытэхэр.

КъыжыІэпхъэщ, Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ КІэрашэ Тембот и цІэр зезыхьэу дэт Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым деж илъэс зыбжанэ ипэкІэ къыщызэрагъэпэщауэ щылажьэ «Адыгэ Хабзэ» этнощэнхабзэ лагерым и еплІанэ зэхуэсыгъуэм къэрашэлІа щІалэгъуалэри «Шэрджэс кхъужьым и махуэм» иращІэкІа дауэдапщэхэм зэрыхэтар. КъинэмыщІауэ, Тыркум къикІа хьэщІэхэми (я нэхъыбэр ныбжьыщІэу) зи гугъу тщІы гуфІэгъуэ зэхыхьэм зыкърырагъэхьэлІат.

Рыфыбг псы цІыкІур Щхьэгуащэ щыхэхуэж фэхум адэкІэ узыщыІущІэ япэ псыкъелъэм къыщыщІэдзауэ еплІанэм (мыр нэхъ ин дыдэщ) нэс километри 2-м нэблагъэ дэлъщ. Абдежращ къыщежьэр ижьрабгъу лъэныкъуэмкІэ ІукІ лъагъуэу кхъужьей жыгыжьхэм уахуэзышэр. Абы километрым щІигъу и кІыхьагъщ.

Лъагъуэ къызэрымыкІуэм икІи удэзыхьэхым гупыр, Мейкъуапэ дэт къэрал технологие университетым щезыгъаджэ, адыгэхэм жыг хадэ гъэкІыкІэу яІам куэд щІауэ щыгъуазэ зыхуэзыщІ Къудей Нуриет я пашэу, тезышахэр кІуэрыкІуэм тету тепсэлъыхьащ адыгэхэм ижькІэрэ къыддекІуэкІ нарт эпосым щыщ пычыгъуэхэм, хэгъэгум узыщрихьэлІэ щІыпІэцІэхэм ящыщ гуэрхэм, ІэхэлъахэмкъыщыкІ къэкІыгъэхэмрэ щыпсэу псэущхьэхэмрэ зыхуэдэм, нэгъуэщІхэми.

Сыхьэтищым щІигъукІэ екІуэкІа зекІуэм хэтахэр, Іуащхьэ щыгум нэгъуэщІ лъагъуэкІэ къращэхыжа иужькІэ, къыІуашэжащ Рыфыбг псы цІыкІур Щхьэгуащэ щыхэлъэдэжым деж гуфІэгъуэ махуэм ирырагъэхьэлІэу щызылъыІуахыжа икІи къыщагъэщІэрэщІэжа концерт гъэлъэгъуапІэм и Іэгъуэблагъэм. Гъуэгу тетахэм къинэмыщІа, абдежым уэру щызэхэзекІуэрт иужькІэ къыІухьахэри, адэкІэмыдэкІэ щрагъэувэкІа сату щІапІэхэм бгъэдыхьэрэ щызэрихьэлІэхэр щызэдэуэршэрыжу...

И зэманыр къыщысым, утыкушхуэм щызэхуэсахэр концерт гъэлъэгъуапІэм ирагъэблагъэри, ерыскъы зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ узэда Іэнэ зыкъизыххэм бгъэдагъэтІысхьащ. Лъэпкъ фащэ екІуэхэмкІэ зэщыхуэпыкІа артистхэу «Зэрдах», «Ашэмэз» къэфакІуэ ансамблхэм хэтхэмрэ Адыгейм и уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэхэмрэ къызэхуэсахэр концерткІэ ягъэгуфІащ...

Тхыгъэри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ*.

Гъуджэхэр

● ГъэщІэгъуэнщ

Пасэрейхэм я псэупІэхэр щаухуэрт тенджызхэм, гуэлхэм, псы ежэххэм пэгъунэгъуу. Арати, псыр цІыхухэм яхуэхъуащ япэ «гъуджэ». Пасэрей цІыхухэм я теплъэр щызэпаплъыхьырт псы щхьэфэм. Абы къащигъэхъурт псым удыгъэ гуэрхэр хэту, щэху куэд игъэпщкІуу. Пасэрей цІыхухэр щыпсэуа бгъуэнщІагъхэм кумб цІыкІухэр зиІэ мывэ мыинхэр къыщагъуэтыжащ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, фалъэ щІыкІэ зиІэ мывэхэм псы иракІэрти, гъуджэ папщІэу къагъэсэбэпырт.

ЯПЭ ДЫДЭУ къэунэхуа гъуджэхэр къыхэщІыкІат обсидиан (мывэ лъэпкъыгъуэщ) гъэджэфа тыкъырхэм. Апхуэдэ мывэхэр къыщагъуэтауэ щытащ Тыркумрэ Америкэмрэ. Археологхэм Мысырым, Месопотами, Китайм къыщагъуэтыжащ дыщэм, дыщэ хужьым (платинэм), дзэхум, гъуаплъэм къыхэщІыкІа гъуджэхэр. Абыхэм я зы лъэныкъуэр дахэу гъэщІэрэщІат. Ди эрэм ипэкІэ 2500-1500 гъэхэм Африкэм и ищхъэрэ лъэныкъуэм щыІа керм культурэр цІэрыІуэт гъущІхэкІ гъэджэфахэм гъуджэ къыхащІыкІыу зэрыщытамкІэ. Керм и ІэпщІэлъапщІэхэм ящІа гъуджэ куэд къагъуэтыжащ ди зэманым. Гъуджэхэм щытепсэлъыхьащ пасэрей физик, астроном Птолимей и «Оптика» лэжьыгъэм. Нэхъ иужькІэ къежьащ гъуаплъэмрэ дзэхумрэ зэхэгъэвауэ къыхащІыкІ гъуджэхэр. Ауэ ахэр зыІэрызыгъэхьэфыр къулейхэрт. Ди эрэм и 1 лІэщІыгъуэм гъуджэ ящІын папщІэ абдж къагъэсэбэпу хуежьащ. Урым щІэныгъэлІ Плиний Нэхъыжьым жиІэрт Сидон (Иджырей Ливаным) абджым гъуджэ къыщыхащІыкІыу щытауэ. Абджым и зы лъэныкъуэм гъущІ пІащІэ тегъэлъэдат. Пэжщ, апхуэдэ гъуджэхэм нэІур тэмэму къарыщыртэкъым, зэблэшауэ къагъэлъагъуэрт. Пасэрей Урымым гъуджэхэр дыжьыным къыщыхащІыкІыу щытащ. Ди эрэм и 500 гъэхэм гъущІым къыхэщІыкІарэ дыжьын зытегъэлъэдэжа гъуджэхэр Китайм щащІырт.

Ику ит лІэщІыгъуэхэм абджым къыхащІыкІ гъуджэхэр зэращІ Іэмалхэм зрагъэужьащ. XIII лІэщІыгъуэм Голландием, Бельгием, Германием и гъуджащІэхэм абдж пІащІэпсхэм гъущІыкІэ зэхэгъэвахэм къыхэщІыкІа тхІуаткІуэ тракІэурэ гъуджэ зэращІ ІэмалыщІэр къагъэІурыщІащ. 1373 гъэм Нюрнберг къыщызэІуахащ япэ гъуджэ цехыр. 1507 гъэм Венецием щыщ Галло зэкъуэшитІым я фІыгъэкІэ къэралыр фІагъкІэ псоми ятекІуэ гъуджэхэр къыщыщІагъэкІ щІыналъэ хъуащ. XVI лІэщІыгъуэм Мурано хытІыгум щыІэ гъуджащІэхэм къагупсысащ зыри зыщымыгъуазэ ІэмалыщІэхэр. Абыхэм я гъуджэхэр нэхъ инт, нэхъ цІанлъэт. Венецием щащІ гъуджэхэм къыщагъэсэбэп Іэмалыр хэІущІыІу ящІыну хуиттэкъым. Хабзэ щыІэт, а щэхур зыгъэІу гъуджащІэм и судыр укІкІэ ящІэн хуейуэ. Венецием щащІ гъуджэхэр дахэт, лъапІэт, гъэщІэрэщІат. Апхуэдэ къэзыщэхуфыр нэхъ къулей дыдэхэрт. Зи лъапсэ зыщэж щыІэт, абы къыщІих ахъшэмкІэ Венецием щащІа гъуджэ екІу къищэхун папщІэ. Уеблэмэ быдапІэхэм апхуэдэ гъуджэ дагъэувэным къэрал мылъкум хэщІыныгъэ иритырт.

Абы щыгъуэ ящІа гъуджэ куэд ди зэманми къэсащ. XVI лІэщІыгъуэм ящІа апхуэдэ зы гъуджэ къалъытащ тхыдэм щынэхъ лъапІэ дыдэу. Ар Франджым и пащтыхь гуащэу щыта Медичи Марие (1575-1642) Венецием и гъуджащІэхэм тыгъэ къыхуащІауэ щытарщ. Нобэ а гъуджэ телъыджэр Луврым (Париж, Франджым) щахъумэ. Абы уасэу хуагъэуващ евро мелуани 10 хуэдиз.

Франджым и пащтыхь Людовик XIV гъуджэхэм егъэлеяуэ дихьэхырт. Абы и пащтыхьыгъуэм Венецием я гъуджэхэм щыщ къэщэхуным къэралым и мылъку куэд трагъэкІуадэрти, гъуджэхэр езым я деж къыщыщІагъэкІыжын папщІэ, франджыхэм XVII лІэщІыгъуэм Мурано хытІыгум щыщ ІэпщІэлъапщІищ щэхуу кърашауэ щытащ. Венецием и гъуджащІэхэр къэралым иришэжащ, ауэ абы ирихьэлІэу франджыхэм къащІагъэххэт гъуджэ щІыным и щэхухэр. 1665 гъэм Франджым гъуджэ щащІ хъуащ.

Гъуджэхэм я нэхъ телъыджэ дыдэу къалъытэхэм ящыщщ Людовик XIV и тетыгъуэм яухуа Версалым и Гъуджэ галерееэр. Галереем и щхьэгъубжэ къэс къыхуэзанщІэу Франджым щащІа гъуджэшхуэхэр къыщытщ. Абыхэм хьэлэмэту тоцІуукІ дыгъэ бзийр.

Гъуджэхэм я лІэужьыгъуэхэм зиубгъуащ промышленнэ революцэм и ужькІэ. 1835 гъэм нэмыцэ химик Либих фон Юстус гъуджэ щІыным дыжьын къыщигъэсэбэпу щІидзащ. Абы и фІыгъэкІэ гъуджэм теплъэр нэхъ тэмэму къищырт. Къежьащ гъуджэхэр куэду къыщІэгъэкІыным сэбэп хуэхъу станокхэри. Иджы ахэр сыт хуэдиз я инагъ е цІыкІуагъыуи къыщІагъэкІыфырт тыншу. Зэманыр кІуэурэ, гъуджэр гъащІэм къыхыхьэпащ, дэтхэнэми ар тыншу зыІэригъэхьэфу. Ди зэманым гъуджэхэр сурэтыщІхэм, скульпторхэм, модельерхэм я лэжьыгъэхэми къыщагъэсэбэп.

НАФІЭДЗ Данэ.

● УФСБ-м къет

Республикэм щищэн мурадкІэ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм къызэпаудащ налшыкдэситІым зэрахьэ хабзэншагъэр. Ахэр япыщІат наркотикхэкІхэр республикэм къишэным.

Хабзэр къызэпауду ирагъэкІыну зыхэта «героин» наркотикхэкІ килограмм 1,1-рэ къытрахащ.

КъБР-м щыІэ УФСБ-м и Следственнэ ІэнатІэм уголовнэ Іуэху къиІэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, 228.1-нэ статьям и 5-нэ Іыхьэм япкъ иткІэ. Хабзэм къызэригъэувымкІэ, апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зылэжьам и гъащІэр лъэхъуэщым щихьынкІэ хъунущ.

УнафэщІым зэрихьэ хабзэншагъэр

Электросеть компанием и къудамэм и унафэщІым зэрихьэ хабзэншагъэр къыщІагъэщащ. Ар япыщІащ Шэрэдж районым щыІэ хуабэщхэм я зым электрокъаруэ къагъэсэбэпыр къэзыбжхэм.

УФ-м и УК-м и 285-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ уголовнэ Іуэху къаІэтащ икІи апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 4-м нэскІэ ягъэтІыс.

Илъэси 5-м нэс къыпоплъэ

Илъэс 40 зи ныбжь, Іуащхьэмахуэ районым щыпсэум илэжь хабзэншагъэр Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм къызэпаудащ.

КъызэрыщІагъэщамкІэ, абы социальнэ сетхэм я зым ирилъхьащ Хэку зауэшхуэр щекІуэкІа 1941-1945 гъэхэм Германием зэрихьа щІэпхъаджагъэхэр зэригъэзахуэ тхыгъэхэр.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м и 254.1-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и «в» пунктым ипкъ иткІэ. Хабзэм къызэригъэувымкІэ, апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 5-м нэскІэ щхьэхуимыту яІыгъщ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЛэжьапІэншагъэр щынэхъыбэр

Дызэрыт илъэсым и етІуанэ мазищым къызэрапщытэжамкІэ, «Къэрал 20 нэхъ ин»-м хиубыдэхэм ящыщу лэжьапІэншагъэр нэхъ щымащІэ дыдэр Урысейращ.

Мэкъуауэгъуэм ирихьэлІэу, Урысейм лэжьапІэншагъэр процентi 2,2-рэ щыхъуу аращ, гъатхэпэм мазэм елъытауэ ар процент 0,1-кІэ нэхъ мащІэщ. Бжыгъэр тІэкІу щынэхъ лъагэщ Япониeм - процентi 2,5-рэ. Корее Ипщэм лэжьапІэншагъэр процентi 2,9-уэ щытамэ, иджыпсту процентi 2,6-рэ щохъу. Мексикэм иужьрей мазищым процент 0,5-кІэ бжыгъэм щыхэхъуащ икІи процентi 2,7-м нэсащ.

ЛэжьапІэншэхэм я бжыгъэр щынэхъ куэд дыдэр Африкэ Ипщэращ, уеблэмэ мы Іуэхур кІуэ пэтми нэхъри хэплъэгъуэ хъуурэ. Мэкъуауэгъуэм и кІэм лэжьапІэншагъэр а къэралым процент 33,2-м щынэсащ. Тыркум лэжьапІэншагъэм процент 0,4-кІэ щыхэхъуащ, абы и бжыгъэр процентi 8,4-рэ мэхъу. Индием процентi 2,3-кІэ щытыкІэр нэхъ ефІэкІуэжащ, Бразилием - процент 1,2-кІэ.

«Дронхэм я блын»

Финляндием зыхъумэжыныгъэмкІэ и министр Хяккянен Антти ЕС-м и къуэкІыпІэмкІэ «дронхэм я блын» щыухуэныр ядиІыгъащ, абы щыгъуэми къилъытащ япэщІыкІэ а Іуэхум къэралым и фейдэ хэлъмэ егупсысыпхъэу.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Польшэм Урысей БПЛА щехуэхауэ (Іуэхур зэхамыгъэкІами) зэраукъуэдийрэ, Зыхъумэжыныгъэмрэ космос ІуэхухэмкІэ еврокомиссар Кубилюс Андриус жиІащ «дронхэм я блыныр» псынщІэу яухуэн хуейуэ. Абы къикІыр ЕС-мрэ НАТО-мрэ къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ зэрызахъумэр ягъэбыдэнырщ.

ФокІадэм и 16, *гъубж*

♦**1918 гъэм** Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.

♦**1931 гъэм** Москва Гуащэхэм я къэрал академическэ театр къыщызэІуахащ. Театрым зэрехьэ абы и къызэгъэпэщакІуэ, илъэс куэдкІэ и унафэщІу щыта, СССР-м и цІыхубэ артист Образцов Сергей и цІэр.

♦**1944 гъэм** Налшык къыщызэІуахащ республикэм и дохутырхэм я зэхуэс.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ Абазэ Хасэм и тхьэмадэ, КъШР-м и ЦІыхубэ Зэхуэсым и депутату щыта **Шенкао Мухьэдин**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ащхъуэт Олег**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 18, жэщым градус 14 щыхъунущ.

ФокІадэм и 17, *бэрэжьей*

♦**1922 гъэм** Урысейм щыяпэу радиокІэ концерт къатащ. Апхуэдэу лэжьэн щІидзауэ щытащ «Москва и радиом».

♦**1877 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, КІыщокъуэхэ Рашидрэ Алимрэ я адэ **КІыщокъуэ Пщымахуэ**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **БакІуу Хьанджэрий**.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и редактор, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист **Щхьэщэмыщ Изэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18, жэщым градус 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЛІы хахуэр утыкум щощабэ, лІы щабэр утыкум щокІий.

● Гу зылъытапхъэ

Урысей гвардием фыхыхьэну фыхуеймэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэм я мамыр псэукІэр, зэпІэзэрытыгъэр илъэсипщІ бжыгъэ хъуауэ яхъумэу я ІэнатІэм пэрытщ Урысей гвардием и къудамэу Шэджэм щІыналъэм хыхьэ Звездный жылэм щыІэм и лэжьакІуэхэм.

АР къызэрызэрагъэпэщрэ блэкІа зэманым кърuубыдэу частым и къулыкъущІэхэм щІыхь, фІыщІэ пылъу ягъэзэщІащ, нобэми зэфІагъэкІ я къулыкъум къахуигъэув къалэнхэр. Абыхэм ящыщу 200-м щІигъум къыхуагъэфэщащ къэрал, ІэнатІэм и дамыгъэ лъапІэхэр. Къулыкъу зыщІэхэм ящыщу 100-м щІигъум дамыгъэ лъапІэхэр кърататщ дзэ Іуэху хэхам зэрыщІидзэрэ.

Дзэ частым и унафэщІхэр йогугъу я Хэкум и къэкІуэнумкІэ жэуаплыныгъэ зыхь дзэ къулыкъущІэхэм зэтраухуа хабзэ дахэхэр адэкІи зыхъумэн, абыхэм фІыуэ яхэлъыр зыгъэбэгъуэфын щІэблэ къащІэхъуэным. Урысей гвардием и сатырхэм ухэтыным къикІыр дыщалъхуа къэралым и тхыдэм ухэпщІауэ щытынырщ!

Дзэ къулыкъум хыхьа дэтхэнэ цІыхури хабзэм щытыкІэщІэ хэхам ирегъэувэ, дэтхэнэми шэсыпІэ хуоувэ абы и хуитыныгъэхэр, щхьэхуитыныгъэр хъумэнымкІэ, социальнэ и лъэныкъуэкІи зыхуэфащэ дэІэпыкъуныгъэ игъуэтынымкІэ. ЗэгурыІуэныгъэ ярищІылІэмэ, цІыхум зэ тыгъуэу къыІэрохьэ сом мини 195-рэ (абы икІыу дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІ щІыпІэм кІуэмэ, зэгурыІуэныгъэр иращІылІэу япэ мазищыр дэкІа нэужь иджыри сом мин 205-рэ кърат). Я лэжьапщІэ нэхъ мащІэ дыдэр сом мин 45-рэ мэхъу.

Дзэ Іуэху хэхам хэтхэм нэгъуэщІ лъэныкъуэкІи зыщІагъэкъуэнущ мыпхуэдэ щІыкІэкІэ (дзэ Іуэху хэхам зэрыхэт зы мазэм хуэзэу):

зауэм зэрыхэта махуэхэм хуэзэу – сом 26 636-рэ;

жэщ-махуэм хуэзэу соми 127.200-рэ;

зэрызагъэпсэхуа жэщ-махуэ къыхущІагъуам хуэкІуэ ахъшэ компенсацэр – сом 11 586,66-рэ.

Дзэ Іуэху хэхам зы мазэкІэ зэрыхэтам пэкІуэу дзэм къулыкъу щызыщІэм иратынущ сом 220 990-рэ.

Зыгъэпсэхугъуэ нэхъыщхьэу иратыр жэщ-махуэ 30-м къыщыщІедзэ, ветеранхэм жэщ-махуэ 15 хущІагъу. Къулыкъу зэрищІа зэманыр къызэрабжыр (зы махуэр махуэрэ ныкъуэу къалъытэ, дзэ Іуэху хэхам хэтмэ, зы махуэр махуищу хуабж).

ЗэгурыІуэныгъэ езыщІылІа псори худэчых зыхэт ипотекэ системэм хагъэхьэ. Абы Іэмал къарет псэупІэр езыхэм я мылъкукІэ къамыщэхуу, къэралым яхухих ахъшэкІэ зыІэрагъэхьэну (илъэс къэс щхьэзакъуэ счетым хуралъхьэ сом мин 384-рэ).

ЛэжьапІэ увыну хуейхэр зыщІэупщІэхэм я жэуапхэр ягъуэтынущ, мы телефон номерхэмкІэ псалъэмэ: 8 (86630)-7-21-80 (коммутатор), 20-22, 20-09, 20-04 бжыгъэхэр щІыгъуауэ.

ЩIэныгъэ кууръэ гупсысэ шэщIарэ зыбгъэдэлъ

Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ БакIуу Хъанджэрий и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу

Лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа еджагъэшхуэхэм ящыщщ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ БакIуу Хъанджэрий Ильяс и къуэр. Совет, урысей, адыгэ щIэныгъэлIыр, къэхутакIуэр, литературэджыр, тхакIуэр УФ-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и IэнатIэм, КъШР-м, КъБР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ, унэтIакIуэщ, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Апхуэдэу БакIуур ЩIДАА-м и академикщ, абы филологиемкIэ и къудамэм и щIэныгъэ секретарщ. Ар Къандурым и цIэр зезыхьэ дунейпсо саугъэтым и лауреатщ. Хъанджэрий къыхуагъэфэщащ КъШР-м и IэтащхьэмкъыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр. Ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ еджагъэшхуэм и ныбжьыр пщэдей илъэс 85-рэ ирокъу.

БАКIУУ Хъанджэрий Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Жьакуэ адыгэ жылэм 1940 гъэм фокIадэм и 17-м къыщалъхуащ. Зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм хиубыдэу «зауэм и бынхэр» псалъэ хьэлъэхэр зыхужаIа щIэблэм ящыщщ ар. Хъанджэрий и адэ Ильяс и псэр тыхь хуищIащ Хэкум и щхьэхуитыныгъэм. Фызабэу къэна и анэ Щамхъаний и быным яхуиIэ хъуэпсапIэхэмрэ и псалъэ IэфIхэмрэ и гъуэмылэу балигъ гъащIэм хыхьащ Хъанджэрий, и гур имыгъэкIуэду, дунейр и щIэщыгъуэу. Я жылэм дэт пэщIэдзэ школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, абы еджэным щыпищащ Черкесск дэт интернатым, иужькIэ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым. Студент илъэсхэм щегъэжьауэ къэхутэныгъэхэм дахэхыу щIэзыдза щIалэщIэр адыгэ литературэм и зэхэлъыкIэм, зыужьыкIэм кIэлъоплъ, кууууэ щыгъуазэ зыхуещI икIи абыхэм ехьэлIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэри зэфIихыу хуожьэ. 1969 гъэм БакIуур хъуащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Дунейпсо литературэмкIэ и институту М. Горькэм и цIэр зезыхьэм и аспирант. 1973 гъэм ирихьэлIэу Хъанджэрий игъэхьэзыращ икIи Москва щыпхигъэкIащ «Адыгэ лъэпкъхэм я литературэмрэ абы щIэгъэхуэбжьауэ зэрызиужьымрэ» зыфIища и кандидат лэжьыгъэр.

- Си кандидат лэжьыгъэр щызгъэхьэзырым щыгъуэ, Мейкъуапэ сагъэкIуати, КIэрашэ Тембот и унэм секIуэлIауэ щытащ, - игу къегъэкIыж а зэманыр Хъанджэрий. – А адыгэлI щэджащэм и прозэм си къэхутэныгъэм и зэхуэдитIыр хухэсхати, и творчествэм, адыгэ тхыдэм, хабзэм ятеухуа псалъэмакъ купщIафIэ ди зэхуаку дэлъауэ щытащ. КIэрашэм къызжиIахэм ящыщ куэд къысхуэщхьэпауэ зэрыщытар ноби сощIэж.

Хуабжьу хьэлэмэтщ БакIуум и доктор диссертацэри. Адыгэ усыгъэм и хэлъ щхьэхуэныгъэхэм ятеухуа а къэхутэныгъэр дунейм къытехьащ 1995 гъэм икIи пщIэшхуэ щиIэщ щIэныгъэ дунейм. «Адыгэ усыгъэм хэлъ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ усакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэмрэ» фIэщыгъэр зиIэ а лэжьыгъэшхуэр лъэпкъ литературэм и теорием и хэлъхьэныгъэ ину къалъытащ еджагъэшхуэхэм. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, БакIуум и диссертацэм япэу къызэIуихащ Кавказым щыщу нэгъуэщI къэралхэм щыпсэухэм я литературэм теухуа щIэныгъэм и IыхьэщIэ. БакIуум япэу пхиша а лъагъуэм нэхъ иужьыIуэкIэ ирикIуащ дагъыстэн, шэшэн, къэрэшей-балъкъэр, абазин, абхъаз, адыгэ къэхутакIуэ куэд. А Iуэхум шэщIауэ тепсэлъыхьауэ щытащ диссертацэр щыпхагъэкI зэIущIэм къыщыпсэлъа, РАН-м и академик Гамзатов Гаджи, къэхутэныгъэр къызэрымыкIуэу зэрыкупщIафIэр къыхигъэбелджылыкIыу. А къэхутэныгъэ хьэлэмэтыр тхылъ щхьэхуэу 1994 гъэм Адыгейм къыщыдагъэкIауэ щытащ, Адыгей щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и жэрдэмкIэ. Адыгэ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуищIауэ къалъытэри, а щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэм папщIэ БакIуу Хъанджэрий къыхуагъэфэщауэ щытащ Къандур Иззэт и цIэр зезыхьэ дунейпсо саугъэтыр.

Гу лъумытэнкIэ Iэмал зимыIэращи, БакIуум и гугъу щащIкIэ, куэдрэ зэхыбох «япэу», «япэ дыдэ» псалъэхэр. Пэжу, абы къыхилъхьа жэрдэмыщIэхэмрэ и еплъыкIэщIэхэмрэ щIэныгъэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ Iуэху щхьэпэ куэдым щIэдзапIэ яхуэхъуащ. Апхуэдэу БакIуур жыджэру хэлэжьыхьащ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым «УФ-м и лъэпкъхэм я литературэ» щIэныгъэ унэтIыныгъэмкIэ Диссертацэ совет япэу къыщыщызэIуахым. Аращ абы и япэ унафэщIуи щытар. КъШКъУ-м ФилологиемкIэ институт къыщыщызэрагъэпэщам щыгъуэ, абы и пашэу япэу щытари Хъанджэрийщ. Институтым и студентхэр «Журналистика» IэщIагъэм хуегъэджэныр, абыкIэ кафедрэщIэ япэу къызэIухыныр зи жэрдэмри БакIуу Хъанджэрийт. А лэжьыгъэ щхьэпэхэр сэбэпышхуэ хуэхъуат республикэм щIэныгъэм нэхъри зыщиужьынымкIэ. КъинэмыщIауэ, лъэпкъыбзэу зэдэпсэу щIыналъэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм и IуэхущIапIэхэр IэщIагъэлIкIэ къызэгъэпэщынми щIэгъэкъуэн лъэщи хуэхъуат: урыс, къэрэшей, шэрджэс, абазэ, инджылыз, нэмыцэ бзэхэм хуеджэ студентхэм институтыр къаухырт, «Филолог», «Газетым и литературэ лэжьакIуэ» IэщIагъэитIри зрагъэгъуэтауэ.

А лэжьыгъэщIэхэм ящыщ дэтхэнэри зэфIэхыным БакIуу и гуащIэ хилъхьащ. Студентхэр иригъаджэ къудей мыхъуу, абы и нэIэм щIэту щIалэгъуалэм ирагъэкIуэкIащ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр, ягъэхьэзыращ кандидат, доктор диссертацэхэр икIи ехъулIэныгъэкIэ пхагъэкIыжащ. Хъанджэрий а зэманым иригъэджа студентхэм, игъэхьэзыра IэщIагъэлIхэм нобэ къахэкIащ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ еджагъэшхуэхэр, кафедрэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэр, профессор цIэрыIуэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я пашэхэр. МащIэкъым хъыбарегъащIэ IэнатIэм зи цIэр фIыкIэ щыIуахэри, республикэм и журналист нэхъыфIу къалъытэу, газетхэм, журналхэм я редактор нэхъыщхьэ хъуахэу.

Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым илъэс 32-кIэ щылэжьащ Хъанджэрий. А зэманым къриубыдэу ар пэрытащ жэуаплыныгъэ ин зыпылъ IэнатIэ зыбжанэм: егъэджакIуэ нэхъыжь, доцент, кафедрэм и унафэщI, филологие факультетым и декан, Филологие институтым и директор. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, БакIуур лэжьащ ныкъусаныгъэншэу, Iуэхур иригъэфIакIуэу, зригъэужьу.

- Сэ си гъащIэр, дэнэ щIыпIэ сыщылажьэми, зэпхауэ екIуэкIыр лъэпкъ (адыгей, къэбэрдей, шэрджэс) литературэр, хэхэс адыгэхэм я литературэр джынырщ, ахэр зи лъабжьэ къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIынырщ. А Iуэхугъуэхэм ехьэлIащ си къалэмыпэм къыпыкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр, монографие щхьэхуэхэри яхэту, - жеIэ Хъанджэрий. – Апхуэдэ къэхутэныгъэхэр нэхъ шэщIауэ езгъэкIуэкIын мурадыр си гъуэгугъэлъагъуэт егъэджэныгъэмрэ административнэ къалэнхэмрэ къэзгъанэу, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр къыщыхэсхами. Абы Iэмал къызитащ лъэпкъпсо мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм нэхъ шэщIауэ селэжьыну.

Мы гъэм илъэс 21-рэ мэхъури, Хъанджэрий IэщIагъэлI нэхъыжьу, пашэу щолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым. Апхуэдэу ар жыджэру хэтщ литературэм епхауэ лъэпкъ телевиденэм, радиом къыщызэрагъэпэщ нэтынхэм. Хъанджэрий и тхыгъэ купщIафIэхэр щIэх-щIэхыурэ къытохуэ лъэпкъ газетхэмрэ журналхэмрэ. Зытепсэлъыхьым ар хуабжьу зэрыхуэIэзэр къагъэлъагъуэ тхылъыщIэхэм, диссертацэхэм, авторефератхэм папщIэ итх рецензэхэмрэ тхыгъэхэмрэ. ПщIэшхуэ хуащIу, еджагъэшхуэр хагъэхьащ КъБКъУ-м, АКъУ-м диссертацэхэр щыпхагъэкI я советхэм. А псоми къадэкIуэу, БакIуум зэи IэщIыб имыщIу ирегъэкIуэкI литературэмкIэ щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр.

Хъанджэрий зэрыжиIэмкIэ, совет зэманым, шэч хэмылъу, зыужьыныгъэ ин игъуэтащ адыгэ литературэм. Апхуэдэу хъуми, къэралым щытепщэу щыта партым и гупсысэ нэхъыщхьэхэр бэм яхэзыхьэфын тхакIуэ, усакIуэ гуп къыхагъэбелджылыкIри, ахэращ илъэс куэдкIэ утыкум итар.

- Дауи, абыхэм ябгъэдэлъащ зэчиишхуэ, хуащIа пщIэри гулъытэри яхуэфащэ дыдэт. АрщхьэкIэ мащIэу гулъытэншэ хъуащ а ди тхакIуэ, усакIуэ нэхъыжьхэм къакIэлъыкIуа литературэ щIэблэр, - лъэпкъ литературэм и зыужьыкIэм топсэлъыхь щIэныгъэлIыр. - Ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм елъытауэ нэсу, яхуэфащэу джа хъуатэкъым адыгэ тхакIуэ лъэрызехьэхэу Тхьэгъэзит Зубер, Бещтокъуэ Хьэбас, IутIыж Борис, Къуиикъуэ Налбий, Бемырзэ Мухьэдин сымэ, нэгъуэщIхэми я творчествэхэр. АтIэ зэрымыщIэкIэ дэхуэха хъуа а Iуэхугъуэхэр къэIэтыжыныр, зыхуей хуэгъэзэжыныр лъэпкъ щIэныгъэлIхэм ди къалэнти, абыхэм ехьэлIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд дунейм къытехьакIэщ.

«IутIыж Борис. УсакIуэ. Драматург. Публицист» тхылъым увыпIэ щхьэхуэ щеубыд БакIуум и гъащIэм. Куэдым ящIэ а монографием ди хэкуми адыгэхэр зыщыпсэу нэгъуэщI щIыналъэхэми пщIэшхуэ зэрыщиIар. IутIыжым и творчествэм елэжьыну Хъанджэрий мурад ищIауэ щытащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къызэрыуву. Абы хуабжьу дихьэхауэ зэфIихащ а лэжьыгъэр, илъэситхукIи елIэлIащ. ЩIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, IутIыжым хуэдэу зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа, усэми, прозэми, драматургиеми, адыгэбзэми, сурэт щIынми, пхъэм сурэт къыхэIущIыкIынми хуэIэижь цIыху иужьрей илъэс пщIы бжыгъэм щымыIами ярейщ. А цIыху щэджащэм хэлъа Iэзагъыр наIуэ къищIынращ абы и къэхутэныгъэхэм къалэн нэхъыщхьэу щызыхуигъэувыжауэ щытар. Ар къызэрехъулIам шэч лъэпкъи хэлъкъым. Адыгэ драматургием и классик IутIыжым и усэхэри, новеллэхэри, сонетхэри, гушыIэхэри зэрыгъуэзэджэр, абыхэм я лъапIагъри зыкIи зэрымынэхъ лъахъшэри къигъэлъэгъуэфащ Хъанджэрий. Тхылъ купщIафIэм хуатха рецензэхэр къытехуауэ щытащ Москва («Литературная Россия»), КъБР-м, КъШР-м, АР-м къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ.

ХэкулI нэсу, хэкупсэ къабзэу зи дунейр зыхьам и творчествэм иужькIи зэ къыщытригъэзэжащ Хъанджэрий «Адыгэ литературэ: гушыIэмрэ ауанымрэ» и тхылъым. Апхуэдэу абы зэпкърыха щыхъуащ блэкIа лIэщIыгъуэм псэуа адыгэ тхакIуэ, усакIуэ, драматург пашэхэм я тхыгъэхэм гушыIэмрэ ауанымрэ щыхуащIа гулъытэр, а жанрым зэрызрагъэужьар. Iыхьищу зэхэт лэжьыгъэм авторым щIигъужащ IутIыж Борис и гушыIэ сурэтхэр, шаржхэр, эпиграммэхэр. КъинэмыщIауэ, а къыдэкIыгъуэм зи ауан, гушыIэ, комедиехэр щызэпкърихахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я усакIуэхэу, тхакIуэхэу Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, АбытIэ Владимир, Мыжей Мамыржан, Абыкъу Хъалид, Бещтокъуэ Хьэбас, Шортэн Аскэрбий, Дудар Хьэутий, Нало Ахьмэдхъан, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Хьэнфэн Алим, Журт Биберд, Нало Заур, КIуантIэ Iэзид, Хьэх Сэфарбий, ЛIыгъур Чэрим, Елгъэр Кашиф сымэ, нэгъуэщIхэри.

БакIуум зэфIиха нэгъуэщI лэжьыгъэшхуэхэм я щапхъэщ езым хуэдэ щIэныгъэлI гуп и гъусэу къыдигъэкIауэ щыта «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэр» (2010, 2013, 2017/2021) томищу зэхэт тхылъри. ЩIэныгъэлI Iэзэм и къалэмыпэм къыпыкIащ шэрджэс тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ ящыщ куэдым я творчествэм теухуа тхыгъэ щхьэхуэхэр. КъинэмыщIауэ, Хъанджэрий хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ зихуэдэ щымыIэ библиографие псалъалъэ ин дунейм къытегъэхьэным. «Адыгэ (адыгей, къэбэрдей, шэрджэс, хамэщIым щыпсэу ди лъэпкъэгъу) тхакIуэхэр XX-XXI лI.» фIэщыгъэр зиIэ а псалъалъэм илъэс куэдкIэ еш ямыщIэу елэжьащ щIэныгъэхэмкIэ докторрэ кандидату цIыхуи 8. Тхылъым ихуа лэжьыгъэ 409-м щыщу 89-м (иджырей шэрджэс тхакIуэхэри яхэту) я авторыр БакIуу Хъанджэрийщ. Апхуэдэу ар ящыщщ курыт школым къэбэрдей-шэрджэс литературэр зэрыщрагъэджыпхъэ программэр, «Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэм и антологиер» зэхэзыгъэувахэм. Зи цIэ къитIуа дэтхэнэри къызэрымыкIуэу лэжьыгъэшхуэщ.

Мы зэманым БакIуур, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Хьэвжокъуэ Людмилэ и гъусэу, йолэжь Дыгъужь Къурмэн, Нэхущ Мухьэмэд, IутIыж Борис сымэ я творчествэр зэпкърыхауэ къыщыгъэлъэгъуа монографием. ЩIэныгъэлIым гумызагъэу ирегъэкIуэкI адыгей усакIуэхэу, тхакIуэхэу МэшбащIэ Исхьэкъ (монографиерэ статьяуэ 7-рэ), Андырхъуей Хъусен, Бырсей Умар, ХьэдэгъэлI Аскэр, Къуиикъуэ Налбий, КIэрашэ Тембот сымэ, нэгъуэщIхэми я творчествэм ехьэлIа къэхутэныгъэщIэхэри.

Тхылъ щхьэхуэхэр, щIэныгъэлIхэм гупу зэфIаха лэжьыгъэхэм хыхьэ Iыхьэшхуэхэр, Iуэхугъуэ хэхахэм ятеухуа щIэныгъэ статьяуэ 300-м нэс, ди къэралым, хамэ щIыпIэхэм, адыгэ щIыналъэхэм я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къыщытрадза тхыгъэ зэмылIэужьыгъуищэхэр – а псори къихьащ щIэныгъэ дунейм пщIэшхуэрэ гулъытэрэ щызиIэ еджагъэшхуэм и акъыл куум, гуащIэ лъащIэншэм, зэфIэкI лъагэм, зэхэщIыкI иным. Абыхэм ящIыгъущ БакIуур пщIэ хуащIу щIэхщIэхыурэ зрагъэблагъэ дунейпсо, урысейпсо, щIыналъэпсо конференцхэм, симпозиумхэм, нэгъуэщI щIэныгъэ зэхыхьэ инхэм я утыкушхуэхэм щищI доклад купщIафIэхэр, къэпсэлъэныгъэ хьэлэмэтхэр.

Гумызагъэу, гууз-лыуз иIэу, жэуаплыныгъэр зыхищIэу лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ IэнатIэм пэрыт еджагъэшхуэр егъэпIейтей ди анэдэлъхубзэр хъумэным, абы зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхухэми.

- Лъэпкъым и лъабжьэу щыт анэдэлъхубзэм и Iуэхум узыгъэпIейтей куэд хэлъщ. Дуней псом щикъухьа адыгэхэм ди тхыбзэр тIууэ зэщхьэщыкIащ: адыгеибзэрэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэу, куэд хъуащ ди бзэм и диалектхэри. КъинэмыщIауэ, ди республикэм къэралыбзэу къыщалъытэ адыгэбзэм абы ехьэлIауэ игъэзэщIапхъэ къалэнхэр куэд хъуркъым. ХэщI зэпытщ курыт еджапIэхэм абы щыхухах сыхьэт бжыгъэхэми, - жеIэ а Iуэхум теухуауэ Хъанджэрий. - Адыгэм ди къэкIуэнур, къытщIэхъуэ щIэблэм я гупсысэкIэр, дуней еплъыкIэр зэлъытар ди бзэм гъащIэм щиубыд увыпIэрщ. Ар нэхъ лъагэ хъуныр, анэбзэр зыIурылъ, абы пщIэ хуэзыщI бын къытщIэтэджэныр зэлъытыжари дэращ, езы лъэпкъырщ. Ар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым лъэпкъым щыщу зыкъэзылъытэж дэтхэнэми.

Лъэпкъ литературэр джыным, абы ехьэлIа щIэныгъэхэр хэIущIыIу щIыным емышу илъэс 50-м щIигъуауэ йолэжь БакIуур, егъэджэныгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу, студентхэм щIэныгъэ куу езыт егъэджакIуэу, IэщIагъэлI Iэзэу, къэхутакIуэ емызэшу, публицист икIи критик цIэрыIуэу зыкъигъэлъагъуэу. А псоми, ди гуапэ зэрыхъущи, къэрал, жылагъуэ гулъытэ ин къапэкIуащ. КъыфIаща щIыхьыцIэ лъагэхэм къадэкIуэу, лъэпкъ щIэныгъэлIым кърагащ къэрал дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Абыхэм ящыщщ КъБР-м, КъШР-м я Парламентхэм, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министерствэхэм, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым, нэгъуэщIхэми къабгъэдэкIа щIыхь тхылъхэр. Апхуэдэу Хъанджэрий Урысей Артиадэм и саугъэтым и лауреатщ. А щыхьыцIэ лъагэхэр, дамыгъэ лъапIэхэр хуэфащэ дыдэщ щIэныгъэлI пажэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри Хъанджэрий къихьащ адыгэ лъэпкъ щIэныгъэм илъэс куэд лъандэрэ купщIафIэу, хьэлэлу зэрыхуэлажьэмкIэ.

БакIуу Хъанджэрий Ильяс и къуэм, зи цIэр жыжьэ Iуа лъэпкъ еджагъэшхуэм, щIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ зыбгъэдэлъ, Iуэху еплъыкIэщIэрэ гупсысэ щIэщыгъуэрэ дапщэщи зиIэ IэщIагъэлI нэсым, адыгэ литературэр джыным, анэдэлъхубзэр, ди лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэмрэ щэнхабзэ лъагэмрэ хъумэным, зегъэужьыным зи гуащIи гъащIи щхьэузыхь хуэзыщI хэкулIым ди гуапэу дохъуэхъу и махуэщIымкIэ. Нобэ хуэдэу жыджэру, гуащIафIэу, зыпэрыт IэнатIэми жылагъуэми пщIэшхуэ щиIэу, и унагъуэ дахэр къыкъуэтрэ быным, абыхэм къащIэувэ щIэблэм я насып хэплъэу, узыншагъэ быдэ иIэу куэдрэ псэуну ди гуапэщ. БакIуум хуэдэхэращ ди адыгэ лъэпкъым и пщIэр зыIэтыр, ар зыгъэлъапIэр, зыгъэдахэр. IутIыж Борис зэрыпхуитхауэ, «къэнэжа гъищэр щыпкъэу» Тхьэм уигъэгъакIуэ, Хъанджэрий!

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

● ДифI догъэлъапIэ

БакIуу Хъанджэрий и унагъуэр.

Гумызагъэ

БакIуу Хъанджэрий и дуней тетыкIэм укIэлъыплъмэ, абы и хьэлщэнхэм щыгъуазэ уахуэхъумэ, псом япэу гу зылъыптэр абы и гумызагъагъэрщ. «Гумызагъэ» псалъэм сэ къизгъэкIыр нэхъ гурыIуэгъуэ сщIынщ мыпхуэдэу.

АДЫГЭМ псэлъафэу диIэщ «гу гъэтIылъа иIэщ» жыхуиIэр. Ар зыхужаIэр зы щхьэкIи мыгузавэ, къыхэщтыкI имыIэу, сыт къэхъуами къыфIэмыIуэхуу лъэныкъуэкIэ къыхукъуэплъ цIыхурщ. Мис апхуэдэу Хъанджэрий щытыфынкIэ Iэмал иIэкъым, псом хуэмыдэу Iуэху екIуэкIыр лъэпкъым, хэкум ехьэлIамэ. БакIуум езым и гъащIэр, и лэжьыгъэр ди лъэпкъым и къэкIуэнум триухуауэ ехь, абы и лъэныкъуэкIи зы лIым хуэмыгъэкъаруун хузэфIэкIащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, абы щIыхуэ зытримыгъэхуам къыщымынэу, дэ псоми абы и цIэр фIыкIэ къыщIитIуэн, фIыщIэрэ щытхъурэ щIыхуэтIэтын IуэхущIафэ дахэ иIэу нобэрей юбилейм IуощIэ.

Хъанджэрий къыщалъхуари къызэринэкIа гъэхэм я нэхъыбэр щигъэкIуари Къэрэшей-Шэрджэсыращ, иужьрей зэманым ди институтым щылажьэхэм тщыщ хъуащи, «ярэби, Хъанджэрий къыщытхэмытым дауэ дыпсэуа» жытIэу дигури ди псэри кIэрыпщIащ, «гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ» жыхуаIэм хуэдэщ. Езыр литературэдж секторым щылажьэу арами, абы и нэIэ тетщ бзэми, IуэрыIуатэми, тхыдэми, этнографиеми.

Псом хуэмыдэу ар егъэпIейтей ди анэдэлъхубзэм нобэ и Iуэху зытетымрэ абы и къэкIуэнумрэ. БакIуур сытым дежи жыджэру хэтщ бзэм ехьэлIа зэIущIэшхуэхэм икIи абы къыщащтэ унафэхэм и гуащIэ хелъхьэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, адыгейхэмрэ къэбэрдей-шэрджэсхэмрэ ди алфавитымрэ ди пэжырытхэмрэ, Iэмал зэриIэкIэ, нэхъ зэщхь щIыным теухуауэ Налшык щекIуэкIауэ щыта конференцыр, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я бзэр яхъумэжынымкIэ щыIэ Iэмалхэм тепсэлъыхьу Амман (Иордание) 2008 гъэм къыщызэрагъэпэща дунейпсо зэIущIэшхуэр, нэгъуэщIхэри. Хъанджэрий ящыщщ ди лъэпкъым, абы и бзэм, и хабзэм я къэкIуэнум папщIэ зигу, зил уз ди щIэныгъэлIхэм. Бзэм и гугъу пщIымэ, БакIуум шэч къытрихьэркъым ди тхыбзэр зэпшалIэкIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIынум: адыгэбзэр дяпэкIи псэун щхьэкIэ, дэнэкIи щыIэ адыгэхэм я зэхуэдэу зы литературэбзэ Iэмал имыIэу зэгъэпэщыпхъэщ. Пэжщ, иджыкIэ куэд хъуркъым апхуэдэ зэфIэкI адыгэхэм къытлъыкъуэкIыну зи фIэщ хъур, ауэ а гупсысэр лъэпкъым хэпщэным Хъанджэрий къарууэ иIэр ирехьэлIэ икIи шэч къытрихьэркъым ар зэрыгупсысэ узыншэм, ди фIэщу яужь дихьэмэ, ар адыгэм зэрытхузэфIэкIынум.

Нэхъ иужьрейуэ бзэм ехьэлIауэ нэхъ мыхьэнэшхуэ иIэу къэхъуам и гугъу тщIынщи, Тыркум ис адыгэхэм, зэрыс къэралым мытырку лъэпкъхэм ират хуитыныгъэхэм тIэкIу зэрызрагъэубгъуар къагъэсэбэпу, я бзэр я щIэблэм ирагъэджыну яужь щихьам, абыхэм ящыщ гуэрхэм хэкужьым исхэр дызытет тхыбзэр къамыщтэу езым я алфавит латиницэм къытращIыкIыу зэхалъхьэну зрапщытат. «Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт абы кърикIуэнкIэ хъунур, – яжриIащ абыхэм БакIуум, – дэ иджы нэхъ дызэрыгъуэтыжащ, дызэрыщIэ, дызэкIэлъыкIуэф хъуащ жыдоIэри догуфIэ, фэ «алфавитыщIэ» фIэфщауэ бжыхь дякум къыдэвгъэувэжыну фыхэтщ».

НэгъуэщIхэри къыхыхьащ псалъэмакъым, мыр къамыгъэхъуныр я гурылъу, ауэ Хъанджэрий хуэдэу и макъ къызэрихькIэ, къехьэкI-нехьэкI хэмылъу абыхэм епсэлъэфа щыIэкъым. Хъанджэрий дапщэщи жьэнахуэщ, и псалъэм траукIэнуми, игу илъыр жимыIэу къигъэнэнукъым.

БакIуум и гумызагъагъэм мыри къеш: Iуэху гуэр зэфIэгъэкIын хуейуэ къыпэщылъмэ, абы кIэ имыгъуэтауэ етIысэхынукъым. «ДыбогъэпIащIэIуэ, Хъанджэрий, зэман диIэщ иджыри», – жытIэкIэ дыпэлъэщыркъым, зэрыжаIэу, щIопхъуэри дэри, дыхуейдыхуэмейми, дыкIэлъымыжэу хъуркъым, абы щыгъуэми, дауэрэ демыIами, дыщылъэщIэмыхьэр нэхъыбэщ. ДынэхъыщIэ пэтми, абы и жыджэрагъым дохъуапсэ.

ЦIыхур зэхъуэпсэн куэд хэлъщ БакIуум – и дуней тетыкIэкIи, и IуэхущIафэкIи. Адыгэр зыгуэрым щехъуэхъукIэ, «ныбжьэгъухэр къохъуапсэу, жагъуэгъухэр къофыгъуэу Тхьэм уигъэпсэу» жраIэ хабзэщ. Ар къызэхъулIэхэм ящыщщ Хъанджэрий. Пэжщ, къефыгъуэну бий куэд иIэн хуейкъым абы, сыту жыпIэмэ жьэнахуагъэкIэ зыгуэрым ехъурджэуами, ар зыцIыхум уэим ищIынукъым, абы и гум хьэрэмыгъэ зэримылъым щыгъуазэмэ, ауэ фIы зигу илъ дэтхэнэри къыщIехъуэпсэнрэ щапхъэ хуэхъуу къыщIыдэплъеинрэ и мащIэкъым абы.

БакIуум сызэрыхуэупсэр нобэ иIэ узыншагъэмрэ гукъыдэжымрэ кIэримычу иджыри гъэ куэд и гъащIэм къыхупищэнырщ. «Лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ щиIэну» жаIэу дыщIагъуж хабзэщ, ауэ мыбдеж ар лейщ: и къару къихьыххэIамэ, Хъанджэрий и Iэ зэтедзауэ щызыгъэсын дунейм теткъым, шэч хэлъкъым дяпэкIи абы и сэбэп куэд адыгэ лъэпкъым зэрекIынум.

БИЩIО Борис,
филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

БакIуум хужаIахэр

Гупсысэ щIэщыгъуэхэр

Литературэм ехьэлIа щIэныгъэхэр хэIущIыIу щIыным емышу пылъщ Хъанджэрий. Абы и IуэхукIэ БакIуум къегъэсэбэп Iэмал зэхуэмыдэхэр.

Псалъэм папщIэ, телевиденэр, радиор, газетхэр, литературэм епхауэ екIуэкI зэIущIэхэр. Зытепсэлъыхьым ар хуабжьу зэрыхуэIэзэр къагъэлъагъуэ тхылъыщIэхэм, диссертацэхэм, авторефератхэм папщIэ итх рецензэхэмрэ тхыгъэхэмрэ. БакIуур зи Iуэху еплъыкIэрэ гупсысэ щIэщыгъуэрэ зиIэ щIэныгъэлIщ. Апхуэдэхэращ лъэпкъыр зыгъэлъапIэри зыгъэдахэри.

БРАТ Хьэбас,
КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ. 1995 гъэ

Еджагъэшхуэм и зэфIэкI лъагэр

«Адыгэ усыгъэм хэлъ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ усакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэмрэ» БакIуум и доктор диссертацэр лъэпкъ литературэм и теорием и хэлъхьэныгъэ инщ. Абы къызэIуех Кавказым щыщу нэгъуэщI къэралхэм щыпсэухэм я литературэм теухуа щIэныгъэм и IыхьэщIэ.

ГАМЗАТОВ Гаджи,
ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и академик. 1995 гъэ

Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ

БакIуу Хъанджэрий и «Ацкъан Руслан и сонетхэр» статьяр хуабжьу сигу ирихьащ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ щIэныгъэлIым усакIуэм и творчествэр джынымкIэ лэжьыгъэ гъуэзэджэ зэфIихащ, сонетхэр анализ купщIафIэ ищIащ. Ацкъаным и сонетхэм яхуэфащэ дыдэщ апхуэдэ гулъытэ лъагэ.

НАЛО Заур,
КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ. 2011 гъэ

АдыгэлI щыпкъэ

Лъэпкъ еджагъэшхуэ БакIуу Хъанджэрий фIыщIэ щIыхуэпщIын Iуэху дахэ куэд бгъэдэлъщ. Псом япэрауэ, адыгэ литературэм, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу адрей лъэпкъхэм я литературэхэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр зэпкърыхыным, абы щIэуэ къыхыхьэхэмрэ зыхунэмысхэмрэ кууууэ джыным Хъанджэрий гулъытэшхуэ хуещI. Зэрыщыту Урысей Ипщэ щIыналъэм и нобэрей литературэм апхуэдэу кууууэ хэзыщIыкI, ар зыдж щIэныгъэлI куэд искъым. Абы зэфIих Iуэхум псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ ныбжьышхуэ зимыIэ лъэпкъ литературэхэм дяпэкIи заужьынымкIэ. Ди еджагъэшхуэхэм зэфIагъэкI лэжьыгъэхэм хэлъхьэныгъэ ин хуещI Хъанджэрий, ар щIэныгъэ къэхутэныгъэми, школакIуэхэм папщIэ тхылъ зэхилъхьэми. Ди литературэм и къэбэрдей, шэрджэс къудамитIыр нэхъ зэдэбыб хъуащ абы и фIыгъэкIэ.

Хъанджэрий ныбжьэгъухэм я деж пщIэ, щIыхь, фIэлIыкI щиIэщ. ЩIэныгъэ куум къыдэкIуэу адыгагъи – нэмыс, хабзэ, щэн дахэ – зыхэлъ цIыхур езыри и ныбжьэгъухэм яхуэпэжщ. Адыгэ хабзэр, ди анэдэлъхубзэр хъумэным, ди лъэпкъым къыдекIуэкI щэнхабзэ лъагэр гъэбэгъуэным зи гуащIи гъащIи щхьэузыхь хуэзыщI адыгэлI щыпкъэщ БакIуу Хъанджэрий.

МЭЗЫХЬЭ Борис,
УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ. 2015 гъэ

Зи щIэныгъэр куу

Каквказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэхэм я тхыдэр зыдж, къэзыхутэ щIэныгъэлIхэм ящыщу зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыжхэм яхэткъым а унэтIыныгъэмкIэ къэхутэныгъэ къызэрымыкIуэхэр зэфIэзыха, монографие купщIафIэхэр, статья щхьэхуэхэр зи къалэмыпэм къыпыкIа адыгэ еджагъэшхуэ, профессор БакIуу Хъанджэрий и еплъыкIэхэм нэIуасэ зыхуэзымыщIа, ахэр къэзымылъыта. БакIуум и лэжьыгъэхэм япкърылъ гупсысэ куухэм, абыхэм хэплъагъуэ бгъэдыхьэкIэ гъэщIэгъуэнхэм щыгъуазэ уахуэмыхъуауэ, ди литературэм и теориемрэ абы и тхыдэмрэ ехьэлIа щIэныгъэ къэхутэныгъэ тэрэз ебгъэкIуэкIыфынкIэ Iэмал иIэкъым, апхуэдизу абыхэм я мыхьэнэр инщ, лъагэщи.

ГЪУТ Iэдэм,
КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филолгие щIэныгъэхэмкIэ доктор.

ДЫНОХЪУЭХЪУ

...

Тхьэм жиIа!!!

04.11.2000 гъэ

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Щхьэж и хъэтI яIэжу

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ сурэтыщI гъуазджэмкIэ музейм сурэт гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуахащ. «Свой стиль» фотоклубым и 20-нэ выставкэщ къалэдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ зэхуэзышэсар. IуэхущIапIэм и пэшищри яуфэбгъуащ зэгухьэныгъэм хэтхэм я IэдакъэщIэкIхэм. Абыхэм къищыр зэмылIэужьыгъуэщ, зи сурэттехым къинахэм дэтхэнэми езым и хъэтI щхьэхуэ зэриIэжым и щыхьэту.

- ДЭ СУРЭТ тетхым мыхьэнэ иIэкъым ар цIыхухэм едмыгъэлъагъумэ. Пэжщ, щIыуэпсыр, ди лъахэр, ди къэралыр фIыуэ зэрытлъагъум къыпэкIуэ Iуэхущ зи ужь дитыр, ар къэфлъытэмэ, фи гум ехуэбылIэмэ ди гуапэщ. Дэ Iэмал диIэщ ди щIыпIэм и дахагъэр дгъэлъэгъуэну, ди IуэхущIапIэм и мурад нэхъыщхьэри зыхэслъагъуэр аращ: Интернет Iэмалхэр къызэрыдгъэсэбэпым и фIыгъэкIэ, дуней псом ди сурэтхэр къызэрыщацIыхурщ, - жиIащ япэу псалъэ зрата, Урысейм и Фотохудожникхэм я зэгухьэныгъэм хэт Вэрокъуэ Заур.

Урыс географие жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и советым хэт Къуэжокъуэ Мухьэмэд гуапэу ехъуэхъуащ музейм къыщызэхуэсахэм. Ар гъэхуауэ тепсэлъыхьащ «Альтаир» щIалэгъуалэ клубым, абы и къызэгъэпэщакIуэ, «Свой стиль» фотоклубым хэт Мокаев Тенджыз и зэфIэкIым. Апхуэдэуи къыхигъэщащ щIалэгъуалэр куэду зыхэт IуэхущIапIэхэм зэрызаужьыр, ар фIым ухуэзыгъаплъэ Iуэхуу зэрыщытыр.

«Свой стиль» фотоклубым и тхыдэм цIыхухэр щигъэгъуэзащ абы и унафэщI **Лукьяненкэ Иван**.

- Фигу къэдгъэкIыжынщи, куэд щIащ «Свой стиль»-р зэрылажьэрэ, абы и тхыдэр къыщожьэ 2004 гъэм щIышылэм и 7-м. Абы щыгъуэщ сурэт техыныр зи IэщIагъэхэу Вэрокъуэ Зауррэ сэрэ дыщызэхуэзар, а Iуэхум дихьэх Пузенкэ Дмитрийрэ Каюдин Евгенийрэ гъусэ къыщытхуэхъуар, - жиIащ Иван.

Ахэращ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщIхэр зэшэлIэн гукъэкIыр зыщIар, а IэщIагъэр нэхъыбэм кърагъэщIэну, и зэфIэкIыр зыхуэдэр зэуIуу ягъэлъэгъуэну я мураду. ЗэIущIэм наIуэ зэрищIащи, я хъуэпсапIэр къайхъулIащ «Свой стиль»-м и къызэгъэпэщакIуэхэм.

2004 гъэм СурэтыщI гъуазджэмкIэ музейм щызэхэтащ я япэ гъэлъэгъуэныгъэр. Абы утыку къыщрахьат сурэттехи 10-м я IэдакъэщIэкIхэр. Ахэращ IуэхущIапIэм и курых хъуари, адрейхэр къызэпщIэкIари.

ЯпэщIыкIэ щIыуэпсыр, хьэпшыпхэр къэгъэлъэгъуэным, репортаж сурэтхэм фIэкIа нэгъуэщI утыку кърамыхьамэ, иужькIэ абыхэм ящIыгъуу елэжь хъуащ натюрмортхэм, гупсысэ пыухыкIам, цIыхухэм я сурэтхэм, нэгъуэщIхэми. Иджыпсту «Свой стиль»-р зэмылэжь, зэмылIалIэ Iэмал къэгъуэтыгъуейщ, сурэт техыным, ахэр зыхуей хуэгъэзэным, тхылъымпIэм тедзэным, нэгъуэщI-къинэмыщIхэм теухуауэ.

Фотоклубым хэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр ди къэралым и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм, Эстонием, Молдовэм, Къыргъызым, Узбекистаным, Тыркум, нэгъуэщI щIыпIэхэми щекIуэкIащ. 2012 гъэм IуэхущIапIэр хэтащ «Берега» зи фIэщыгъэ зэхьэзэхуэм икIи Урысейм и сурэттех лъэрызехьэу пщIым яхэхуащ.

Пузенкэ Дмитрий, Шипуновэ Иринэ, Мокаев Тенджыз сыми зытепсэлъыхьар я IуэхущIапIэм и зэфIэкIырщ, я хъуэпсапIэхэмрэ мурадхэмрэщ, абы хэт цIыхухэр зэфIэкI лъагэ зиIэу зэрыщытырщ. Дэтхэнэ зы гукъэкIри къайхъулIэмэ, дэри дащыгуфIыкIыну аращ зи зэманрэ зи къарурэ емыблэжу зыхуагъэувыжа къалэнхэм яужь итхэм.

«Адыгэ псалъэ» газетым и фотокорреспондент, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Къарей Элинэ жиIащ сурэт техыныр зи IэщIагъэхэм я мызакъуэу абы дихьэххэри я IуэхущIапIэм къахуеблагъэмэ, я зэфIэкI ягъэлъагъуэмэ зэригуапэр. «Фотоклубыр къызэрыунэхурэ, жыпIэмэ ущымыуэну, абы сыхэтщи, илъэс куэд ипэ абыхэм ящыщ зы сызэрыхъуам сыщогуфIыкI икIи зы махуэ сыхущIегъуэжакъым. Абы гъэлъэгъуэныгъэу ищIар си нэгу щIэкIащ, си лэжьыгъэхэр хагъэхьащ, ноби апхуэдэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 щрикъум и цIэр зезыхьэ паркым ит галереем щокIуэкI иджыри зы гъэлъэгъуэныгъэ, Налшык къалэм и махуэм ирихьэлIэу къызэIутхауэ, цIыхуихым ди IэдакъэщIэкIхэр утыку къыщитхьауэ. Сайтым щыдиIэ напэкIуэцIым итщ ттеухуа хъыбархэр, ди IэдакъэщIэкIхэр, абыхэм ехьэлIа гупсысэхэр», - жиIащ щIалэгъуалэм къабгъэдэкIыу къэпсэлъапIэр хуит зыхуащIа Элинэ.

Зи гупсысэрэ Iуэху еплъыкIэрэ жызыIа дэтхэнэми къызэхуэсахэм фIыщIэ хуащIащ, я лэжьыгъэр зэрыщыту зытеухуауэ, я гукъыдэжыр зэлъытауэ щытыр ахэр зэрыарар къыхагъэщащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм зрезыгъэхьэлIэну хуейхэр феужьэрэкI, ар фокIадэм и 28 хъуху екIуэкIыну аращ.

Тхыгъэри сурэтхэри **ИСТЭПАН Залинэ** *ейщ.*

Зэныбжьэгъугъэмрэ гъуэгуанэ хьэлъэмрэ

ФокIадэм и 12 - 14-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ «Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» фIэщыгъэр зезыхьэ, лъакъуэрыгъажэмкIэ 33-нэ зэхьэзэхуэм и 9 - 11-нэ Iыхьэхэр. Спортсменхэм махуэ зыбжанэм кърихубыдэу ди республикэм щызэпачащ псори зэхэту километр 380-м щIигъу гъуэгуанэ.

А КЪЫЗЭДЭЖЭР траухуат ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 мы гъэм зэрырикъуам.

Зэхьэзэхуэм щIимыдзэ щIыкIэ спортсменхэмрэ спортым дихьэххэмрэ яхуэзащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, Олимп джэгухэм лъакъуэрыгъэжэ спортымкIэ я чемпион Шыхъуэ Борис, дунейпсо чемпион Никитенкэ Сергей сымэ. КъБР-м Лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Джанкишиев Арсен жиIащ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм я сэбэпынагъ республикэм а спорт лIэужьыгъуэм зыщегъэужьыным зэрекIыр. «ИлъэсиплI хъуауэ ди щIыналъэм щыдогъэкIуэкI мы зэхьэзэхуэри, лъакъуэрыгъажэ спортым зыхуезыгъэсэну хуейхэм я бжыгъэм илъэс къэс къыхохъуэ, - къыхигъэщащ абы.

«Динамо-Москва» командэм и спортсмен Варганов Максим къыддэгуэшат къыпэщылъ зэхьэзэхуэмкIэ: «Си гугъэмкIэ, зэпеуэм и пэщIэдзэм псынщIэу зитчынурэ, хуабжьагъышхуэ къэщтэнущ, иужькIэ нэхъ лъэщхэр къэнэн хуэдэу. АдэкIэ, бгыщхьэм зэхьэзэхуэр щыгуащIэнущ. Къаруиуэ щыIэр зэхэлъхьауэ нобэ лэжьэн хуейщ, сыту жыпIэмэ, зэныкъуэкъушхуэ къытпэщылъщ. Дунейм и щытыкIэр сигу ирохь, си гугъэмкIи, абы дэрэжэгъуэ къыдет, нэхъыфIу зэрызыкъыдгъэлъэгъуэным дытрегъэгушхуэ».

ЗэхьэзэхуэмкIэ къэдгъэзэжынщи, фокIадэм и 12-м Налшык къалэм Абхъазым и утыкум зэпеуэр щрагъажьэри, Безенги къуажэм нэс кIуащ икIи абдеж къыщыувыIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэр къиихьащ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я «Abu Dhabi Cycling Club» командэм и спортсмен Сбахи Осамэ. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр яубыдащ «Мангазея - Московский спорт» клубым и лIыкIуэхэу Савельев Денисрэ Новиков Саввэрэ. НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм япэ щыхъуащ Варганов Максим.

ФокIадэм и 13-м зэхьэзэхуэм хэтхэр Прохладнэ къалэм кIуащ. Абыхэм къаIущIащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Родинэ Викторие, Прохладнэ къалэ администрацэм и унафэщI Кожухов Кирилл сымэ икIи, зэпеуэм щIамыдзэ щIыкIэ, спортсменхэм я гъусэу удз гъэгъахэр адмирал Головко Арсений и фэеплъым деж тралъхьащ.

Прохладнэ щIыналъэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр щиубыдащ Белоруссием и «Минск» командэм хэт Гороховик Владимир, «Мангазея - Московский спорт» клубым и гъэсэн Вьюношев Михаил етIуанэ хъуащ, ещанэр «Solomon Cycling Team» командэм и лIыкIуэ Ершов Артурщ. Спортсменхэм а махуэм зэпачащ километри 148-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и ещанэ Iыхьэр Налшык къалэм щызэхэтащ. Зэпеуэм щIимыдзэ щIыкIэ, Абхъазым и утыкум деж спортсменхэмрэ абыхэм ядэщIхэмрэ къащыIущIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат, КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам, щIыпIэ Парламентым и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэт Газаев Мэсхьут, КъБР-м и Парламентым и депутат Джэдгуэш Александр, Олимп джэгухэм я чемпион Шыхъуэ Борис, УФ-м лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и федерацэм и унафэщI Кучерявый Юрий сымэ, нэгъуэщIхэри.

«Мы махуэшхуэр Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, Урысей Федерацэм дежкIэ щIыхь зыпылъ Iуэхугъуэщ. ФIыщIэ щхьэхуэ хуэфащэщ Олимп джэгухэм я чемпион Шыхъуэ Борис, абы и дыщэ медалымкIэ цIыху куэдым яригъэлъэгъуащ лъагапIэшхуэхэр спортым зэщыхуэбгъэувыжу щытмэ, ар зэрыпхузэфIэкIынур», - жиIащ Къардэн Мурат.

Спортсменхэм къапэщылъащ псори зэхэту километр 65,2-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэр Налшык къалэ кIуэцIым щызэпачыну: Лениным, ЩоджэнцIыкIум, Тэрчокъуэм я цIэхэр зезыхьэ, Балкарскэ уэрамхэм хъурейуэ 20-рэ къыщежэкIыну.

Мыбдежым япэ увыпIэр къыщихьащ Белоруссием и лIыкIуэ Мазур Денис. ЕтIуанэ хъуащ Мэкуу къалэм къикIа Хомяков Артемий, ещанэр Санкт-Петербург къалэм и спортсмен Савекин Данилщ.

АдэкIэ хьэщIэхэм я гъуэгуанэм пащэжащ икIи Осетие Ищхъэрэ - Аланием кIуащ, къыкIэлъыкIуэ зэпеуэхэр абы щрагъэкIыну. Зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэр Шэшэным и Грознэ къалэм щызэхэтынущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, махуэ куэду зэхэт зэхьэзэхуэр 1994 гъэм щегъэжьауэ ирагъэкIуэкI икIи Урысей Федерацэм лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и чемпионатхэм я зы Iыхьэу щытщ. Мы гъэм зэпеуэм хэтащ УФ-м и командэ 11-рэ, Белоруссием, Къэзахъстаным, Узбекистаным, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я лIыкIуэхэмрэ.

Мыгъэрей зэпеуэр щекIуэкIынущ Адыгейм, Краснодар крайм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Шэшэным я щIыналъэхэм. А махуэхэм кърихубыдэу псори зэхэту километр 1500-рэ гъуэгуанэ спортсменхэм къызэранэкIынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Махуэкухэм джэгум ирагъэблагъэ

● ЩIалэгъуэ

Налшык ХьэтIохъущокъуэм и цIэр зезыхьэ жыг хадэм иджыблагъэ къыщызэIуахащ щIалэгъуалэр къыщыфэну утыку, «Къалэхэр ущыпсэуну тынш щIын» къэрал программэм хыхьэу.

ГЪЭМ и сыт хуэдэ зэманми Налшык къалэм, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм, къалэдэсхэри щIыналъэм и хьэщIэхэри щыкуэдщ. Абы, хабзэ зэрыхъуауэ, концерт зэмылIэужьыгъуэхэр, щэнхабзэм, махуэшхуэхэм епха зэхыхьэхэр къыщызэрагъэпэщ.

ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэ ихьэпIэм деж (КIыщокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамымкIэ укъыщихьэм) иужьрей илъэсхэм щрагъэкIуэкI хъуат Адыгэ джэгу, иджырей къафэхэмкIэ флешмобхэр. НэхъапэIуэкIэ, Абхъазым и утыкум, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIыу щытащ адыгэ джэгур.

Къафэм хухаха утыкум тхьэмахуэ къэс, махуэкухэм, джэгу щекIуэкIынущ. ЩIыпIэ ягъэщIэрэщIар къыщызэIуахым зэхуэсахэм я нэгу зригъэужьащ эстрадно-духовой оркестрым.

Зэраубзыхуам тету утыкур асфальт ящIащ, абы узэрыхуэкIуэ лъэс лъагъуэ цIыкIухэр гранииткIэ кърагщIыкIащ, уэздыгъэкIэ ягъэнэхуащ, цIыху 15-м нэс зытехуэ тетIысхьэпIэ кIыхьхэр щагъэуващ. Ар фильм ущеплъынми нэгъуэщI зэхыхьэхэр щебгъэкIуэкIынми хуэщIауэ къызэрагъэпэщащ, иджырей мардэхэм тет сценэ хуит ящIри. Абы и фIыгъэкIэ, шэч хэмылъу, къахэхъуэнущ макъамэмрэ къафэмрэ фIыуэ зылъагъухэм я зэхуэсым къекIуалIэхэм. Къафэм дихьэх щIалэгъуалэр зэрыцIыхунущ, ныбжьэгъу зэхуэхъунущ, нэхъыщхьэращи, джэгум узэрыхэтыну щIыкIэр, хабзэр къыщащIэнущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Дыхуейкъым къытригъэзэжыну

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - 0:1 (0:0). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. ФокIадэм и 13-м. ЦIыху 228-рэ еплъащ.

Судьяхэр Дорошенкэ, Типикин, Нередькэ (псори Краснодар щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, КIэдыкIуей, Пириев, Гъуэгузокъуэ, Пекъу, Балъкъыз, ХьэцIыкIу (Сарбашев, 65), Блий, Лlуп (КIэщт, 73), Хьэшыр (Кумыщ, 73), Лысенкэ.

«Динамо-Ставрополь»: Гуськов, Ягьяев, Рымарь, Абдуллаев, Карасёв, Каштан (Чеперкэ, 66), Цхадишвили (Джамуев, 46), Зароченцев (Жангуразов, 66), Джумаев, Бостанов (Василенкэ, 66), Степанович (Григорян, 83).

Топырр дигъэкIащ: Бостановым, 51 (0:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Кумыщым, Гъуэгузокъуэм, Къумыкъум, Жангуразовым.

ИЛЪЭС плIыщI хъуауэ (1985 гъэ лъандэрэ) Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэм и джэгукIэм адыгэ газетым и напэкIуэцIхэм сыщытотхыхьри, мы гъэм нэхърэ Налшык и «Спартак»-р щынэхъыкIа хэтакъым. Зыкъыщигъэлъэгъуащ абы Совет Союзым и япэ, етIуанэ, уеблэмэ, ещанэ лигэхэм, дыщигъэгушхуащ Урысей Федерацэм и премьер-лигэмрэ япэ дивизионымрэ. Иджы иужь илъэс зыбжанэм етIуанэ дивизионым и нэхъ лъахъшэ дыдэ гупым къыхэкIыфыркъым. Къытхуэнэжарати, абыи дыщынэхъыкIэ дыдэу мыгъэрей зэхьэзэхуэм къыщIигъэщащ.

ЗыпIэтыжын ипэкIэ и лъабжьэ дыдэм унэсын хуейуэ жаIэ. Ар пэжмэ, нобэрей «Спартак-Налшыкыр» абы нэсащ. АдэкIэ, щэ? Зыкъиужьыжыну е... хэкIуэдэжыпэну? Иужьыр къэхъунумэ, сыт ди сабий минхэм топджэгум зыщIыхуагъасэр, зэгуэрым Къэбрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр яхъумэну щIэхъуэпсу? Дэнэ къыздикIынур Iэпщэ Александр, Ещтрэч Владимир, Лъэрыгу Виктор, Бэч Руслан, Гъубж Вячеслав, Хьэпэ Заур, Мырзэ Резуан сымэ, адрей ди нэхъыжьыфIхэм хуэдэхэр? Хьэмэ блэкIам дигу иридгъэфIу адэкIэ дыпсэуну ара? Ахэр икIэщIыпIэкIэ жэуап зыгъуэтын хуей упщIэ гугъухэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, дыхуейкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболыр апхуэдизу къезыгъэкIуэтэха мыгъэрей зэхьэзэхуэм хуэдэм къытригъэзэжыну.

2025 гъэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ Iыхьэм «Спартак-Налшыкым» къыщыдита гухэщIым хуэфэщэн кIэух щигъуэтыжащ фокIадэм и 13-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щызэхэта зэIущIэм. Ди щIалэхэм кърагъэблэгъат зэпеуэм пашэныгъэр щызыIыгъ адыгэ щIалэ Шакъ Ашэмэз зи тренер нэхъыщхьэ «Динамо-Ставрополь»-р. Ар зэхьэзэхуэм щыпашэт икIи а щытыкIэр абы иутIыпщынутэкъым.

Джэгум и япэ Iыхьэм налшыкдэсхэм зыгуэрурэ захъумэжыфащ. АрщхьэкIэ, загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ, занщIэу къыхудагъэкIа топым жэуап яхуетыжакъым. Арати, зэресэжауэ, аргуэрыжьу къыхагъэщащ.

Зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ Iыхьэр иухащ. Турнир таблицэм и япэ увыпIихыр зыубыдахэр ищхьэкIэ зэрыдэкIуэтеинум щIэбэнынущ. Иужь дыдэу апхуэдэ пщIэ зыгъуэтынур щызэхэкIар МейкъуапэщI. ЩIыпIэ «Дружба»-мрэ Черкесск икIа «Нартымрэ» я зэIущIэм кърикIуэм елъытат а тIум ящыщу еханэ увыпIэр зыубыдунур хэтми. Бнэныгъэр икъукIэ гуащIэ хъуащ. ИкIэм-икIэжым хьэщIэхэм текIуэныгъэр яхьащ икIи гуп нэхъыфIым хыхьэфащ.

Фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щекIуэкIа пэщIэдзэ зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм: **«Сочи-2»** (Сочэ) - **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **5:1**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Рубин»** (Ялтэ) - **2:2**, **«Кубань-Холдинг»** (Павловскэ) - **«Астрахань»** (Астрахань) - **1:0**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Нарт»** (Черкесск) - **1:2**, **«Севастополь»** (Севастополь) - **«Победа»** (Хасавюрт) - **0:0**, **«Легион»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **0:5**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Динамо-Ставрополь»**	**26**	**15**	**7**	**4**	**38-23**	**52**
2.	**«Кубань Холдинг»**	**26**	**14**	**9**	**3**	**48-23**	**51**
3.	**«Севастополь»**	**26**	**13**	**9**	**4**	**41-30**	**48**
4.	**«Победа»**	**26**	**15**	**3**	**8**	**32-25`**	**48**
5.	**«Ростов-2»**	**26**	**13**	**5**	**8**	**37-22**	**44**
6.	**«Нарт»**	**26**	**12**	**6**	**8**	**37-22**	**42**
7.	«Сочи-2»	26	11	7	8	40-29	40
8.	«Дружба»	26	10	7	9	37-27	37
9.	«Астрахань»	26	9	10	7	33-24	37
10.	«Рубин»	26	9	6	11	26-32	33
11.	«Легион»	26	7	8	11	26-42	29
12.	«Ангушт»	26	5	8	13	21-31	23
13.	**«Спартак-Налшык»**	**26**	**3**	**5**	**18**	**18-48**	**14**
14.	«Динамо-2»	26	0	2	24	15-71	2

Хабзэмрэ тхыдэмрэ яIэтыж

● Жылагъуэ

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЗэхуэхьэсакIуэхэм (коллекционерхэм) я зэгухьэныгъэр» къызэрызрагъэпэщрэ илъэси 8 зэрырикъур ягъэлъэпIащ иджыблагъэ. Ди хэкурысхэр сытым дежи цIэрыIуэу щытащ тхыдэм епха хьэпшып гуэрхэр зэхуэхьэсынымкIэ. Апхуэдэ Iуэхум дихьэх цIыхухэм я япэ зэгухьэныгъэр 1960 гъэхэм къэунэхуат. Абы хэтт цIыху 200-м щIигъу. Ауэ СССР-р къутэжа нэужь, зэхуэхьэсакIуэхэри зэбгрыкIыжат.

2017 гъэм къаIэтыжащ а хабзэ дахэр икIи ЗэхуэхьэсакIуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм гъащIэщIэ игъуэтыжащ. Ди лэжьыгъэр нэхъыщхьэу зытеухуар - зэхуэхьэсыным хэлъ хабзэ дахэхэр, дахагъэр, щэхухэр хъумэнырщ, абыхэм щIэблэр щыгъэгъуэзэнырщ. ФIыщIэ яхудощI и чэзум апхуэдэ щIэныгъэкIэ къыддэгуэша ди нэхъыжьыфIхэу МахуэлI Николай, Лощинов Сергей, Забавин Николай, Гилиев Борис сымэ, нэгъуэщIхэми.

Дэ зэхуэтхьэсыр маркэхэм я закъуэкъым, атIэ къытхэтщ гъущI фэеплъ 500, зэрыджэгу машинэ цIыкIухэр, сурэттеххэр зэхуэзыхьэсахэр.

2021 гъэм щыщIэдзауэ ди унафэщI Грищенкэ Сергей тхыдэшхуэ зиIэ хьэпшып тIорысэхэр зэхуехьэс: Iэпщэ сыхьэтхэр, телефонхэр, радиоприемниккхэр, къинэмыщI техникэр.

Ди зэгухьэныгъэр зэрыщыIэ илъэси 8-м кърихубыдэу зэIущIэ 20-м щIигъу едгъэкIуэкIащ. КъБР-м и УФПС-м щIыгъуу къыдэдгъэкIащ СССР-м и ЛIыхъужьхэм, Хэку Зауэшхуэм хэтахэм, усакIуэхэм, щэнхабзэм и узэщIакIуэхэм, политикхэм, гъуазджэм и лэжьакIуэхэм я цIэкIэ конвертхэмрэ карточкэхэмрэ. ЩIыналъэм щагъэлъапIа дауэдапщэ Iэтахэри гулъытэншэу къэдгъэнакъым: ди хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр, Лъэпкъ музейр, Парламентыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъум, Хэку Зауэшхуэм текIуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъуам ирихьэлIэу хуэфэщэн длэжьащ. Апхуэдэу, Къэбэрдей уэрамыр илъэси 170-рэ зэрырикъуам, Адыгэ нылым, Фащэм, Анэдэлъхубзэм я махуэхэми ирихьэлIэу бгъэхэIухэр къыдэдгъэкIащ.

НобэкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и турист» бгъэхэIум долэжь. Абы и гугъу къытхуищIащ КъБР-м и ЗэхуэхьэсакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и ныпыр IуащхьэмахуэрэКазбекрэ дэзыха альпинист ХьэщIэрылI Арсен. КъищынэмыщIауэ, КъБР-м СпортымкIэ и федерацэм папщIэ бгъэхэIу къыдэгъэкIыным теухуауэ мурадышхуэхэр щыIэщ. БоксымкIэ, дзюдомкIэ, гимнастикэмкIэ гъэсакIуэхэм депсэлъэнущ, дечэнджэщынущ. Иджыблагъэ дызэлэжьахэм ящыщщ IуащхьэмахуэкIэ «Сосрыкъуэ» шхапIэм, КъБР-м и Парламентым я сурэт тету къыдэдгъэкIыну ахъшэм. Мыбдеж гу лъытапхъэщи, япэ дыдэу ахъшэм зетпщытауэ аращ, ауэ абыхэм тращIыкIыу, ахъшэ нэпцIхэр къыдамыгъэкIыфын хуэдэу традзэнущ.

ЖыпIэнуракъэ, зэгурыIуэзэдэIуэжу къызэдэгъуэгурыкIуэ унагъуэ быдэм хуэдэщ ди зэгухьэныгъэр. Хэтша лъагъуэ дахэм дызэрытемыкIыным яужь дитщ, мурадыфIхэр диIэщ. Ди лэжьыгъэр къыддеIыгъ КъБР-м Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я унэу Налшык къалэм дэтым и унафэщI Къэрэшей Аксанэ. Абы хуит дыкъищIауэ, и IуэхущIапIэм щэбэт къэс сыхьэти 10-м дыщызэхохьэ.

КЪУЩХЬЭ Нэзар.

Егъэджэныгъэмрэ узыншагъэмрэ

2025 - 2026 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и сымаджэщхэм школ классхэр къыщызэIуахын мурад щыIэщ.

«ДОДЖЭ-ДОЩIЭ» пэхуэщIэр хуэунэтIащ пIалъэ кIыхькIэ сымад-жэщхэм щIэлъын хуей хъу сабийхэм я еджэныр къызэгъэпэщыным, я ныбжьэгъу цIыкIухэм къакIэрымыхуу школ программэр иратыным.

«Сымаджэщхэм школ классхэр къыщызэIухынымкIэ пэхуэщIэр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ: егъэджэныгъэмрэ медицинэмрэ, щIэныгъэмрэ узыншагъэмрэ зэпызыщIэщ. Абы сабийхэм Iэмал яритынущ я клас-сэгъухэм къакIэрымыхуу программэхэр яджынымкIэ, я ныбжьэгъух-эмрэ я егъэджакIуэхэмрэ хуаIэ пыщIэныгъэр яфIэмыкIуэдыныммкIэ, уеблэмэ олимпиадэхэмрэ зэхьэзэхуэхэмрэ хэтынымкIэ. Сымаджэщым щIэхуа сабийм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ школ гъащIэм къыхэмыхуу, жыджэру абы хэтыным», - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджакIуэхэм, сымаджэщхэм къыщызэрагъэпэщыну школ классхэм щылэжьэнухэм, Мэзкуу къалэм махуитIкIэ я IэщIагъэм щыхагъэхъуащ. Абыхэм зрагъэлъэгъуащ икIи зы-щагъэгъуэзащ зыпэрыхьэну IэнатIэм ехьэлIа Iуэхухэр абы зэрыщызэтраублам, сымаджэщым щIэлъ сабийхэм зэрадэлажьэ щIыкIэхэм. Апхуэдэуи ахэр хэтащ зэIущIэ щхьэпэхэм, мастер классхэм.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Щауей.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **ЩхьэщэмыщI Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.295
Заказыр №1996

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытххэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.